

Language: ChiShona (Shona)

**Kushandiswa Muuviri Hunopikisana kweNhorondo yeGambakadzi Nehanda
muKuvaka Zimbabwe kubva kuma1960 kusvika Nhasi Uno**

Mickias MUSIYIWA

Department of African Languages,
University of South Africa (UNISA), University of Zimbabwe
E-mail: mtnmusiyiwa@gmail.com

ORCID iD <https://orcid.org/0000-0002-5324-9980>

“Mapfupa angu achamuka” (Nehanda, 27 Kubvumbi, 1898).

“Senyika tiri pamhararano. Tinokwanisa kuparadza zvachose or kuchengetedza nhaka yake [Nehanda]. Sarudzo ndeyedu. Api yatatora, ine muripo wekubhadhara” (Arthur Gwagwa, 16 Nyamavhuvhu, 2008).

Pfupiso

Basa reatikoro ino kumutsa zvevatongerwo enyika nemweya zvine chokuita nerunganombiri rwaNehanda kutanga kumakore ekuma1960 apo hondo yekurwisa rusununguko rwenyika yeZimbabwe yakaputika munyika yaimbova Rhodesia. Yakanangana nekutatidza huchokwadi hwepfungwa inoti magamba haafi kunyangwe paine vamwe vanenge vachiedza kuasvibisa nekudzima zvimiro zvawo sezvakaitwa kugambakadzi Nehanda munguva yeupambevhu. Yakatsamirana nenyaya yehurumende yeupambevhu yekudzima gambakadzi iri kubva mukupambwa kwakaita nyika yeZimbabwe kusvika yasununguka muna1980, atikoro ino inoongorora matanho evatungamiri vekurwira rusununguko pamwe nemhomho yevanhu vose yekumutsiridza nekuraramisa kasingapere gambakadzi muhwaro rwekurwira rusununguko, kupemberera rusununguko, urongwa hwekutora ivhu uye nemunguva yeHurumende yeChipiri. Mongo wedambudziko retsvagurudzo yeatikoro ino kubvunzisa nezvemamiriro ekuvaka kana kurongonyora uye nekutora nomazvo kana zvisizvo kwegambakadzi Nehanda uye nezvazvakakonzero munyika yeZimbabwe. Chinyorwa chino chinoshandisa nzira yetsvagurudzo ine chokuita nemafungiro evanhu, unhu hwavo nezvanosangana nazvo munhorondo dzavo nemagariro avo. Urongwa hwetsvagurudzo hwakashandiswa hunosanganisira mibvunzo kumasangano ezvevatongerwo enyika nezvitendero pamwe neveruzhinji rwevanhu. Izvi zvakaitirwa kuziva ruzivo rwavo maringe nezvaNehanda uyezve nekukosha kwake nekurudziro yake kuvanhu muZimbabwe zvekare nemaonero avanomuita. Zvinyorwa zvetsvagurudzo zvakaongororwa zvinosanganisira maraibhurari nezvepadandemutande zviri mumhando dzemaatikoro, mabhuku nemapenanhau zviri maringe negambakadzi remukurumbira iri. Ichitungamirirwa nePfungwa yeHwaro yeMaonero eVobwo iyo inokoshesa nzira dzekuziva dzevobwo uye nemasiyanirano adzo nenzira dzekuziva dzemadokero, atikoro ino inopopota ichiti kushandiswa kwerunganombiri rwaNehanda kwaita zvikonzero zvine uviri hunopikisana muZimbabwe. Nerimwe divi mhikisano iyi inokonzera kukamurana kwevanhu mune zvevatongerwo enyika nekuoma kwezvinhu mumagariro neupfumi hwawo, nerimwe divi zvekare ichiunza rufaro rwerusununguko rwenyika nekutorwa kweminda.

Mazwi Akakosha

Nehanda, Chimurenga chePiri, Chimurenga cheTatu, Urongwa hwekurwira nyika, Hwaro hweMaonerovobwo, Madokeroonero/Yuropuonero

The Ambivalent Appropriation of the Legend of Nehanda in Nation-Building in Zimbabwe, 1960s to Present**Abstract**

This article is pre-occupied with the politico-religious resuscitation of the legend of Nehanda since the 1960s when the armed struggle for Zimbabwe's independence broke out in then Rhodesia. It is concerned with affirming the hypothesis that legends never die despite attempts by others to demonize and suppress them as done to the legend during the colonial period. Against the backdrop of the colonial government to suppress it since the colonization of Zimbabwe to its independence in 1980, the article evaluates the deliberate efforts by both the nationalists and ordinary indigenous people to revive and immortalize the legend in the context of the liberation struggle, independence celebration, the land reclamation exercise and in the current context of the Second Republic. The core of the article's research problem is the interrogation of the nature of the (de)construction and (mis)appropriation of the legend and the effect that has had on Zimbabwean society. Employing a qualitative research approach, the research design consists of interviews with religious and political organizations and ordinary Zimbabweans to establish their knowledge of Nehanda and its significance and influence in Zimbabwe and their attitude towards it. Written sources studied included archival, library and online material in the form of articles, books and newspapers. Informed by the Indigenous Standpoint Theory's indigenous ways of knowing and their distinction from their western counterparts, the article argues that the appropriation of the Nehanda has had ambivalent repercussions in Zimbabwe causing political polarisation and socio-economic hardships on one hand and independence and land acquisition on the other.

KeyWords:

Nehanda, Second Chimurenga, Third Chimurenga, nationalism, Indigenous Standpoint Theory, Afrocentricity, Eurocentrism

Nhanganyaya

Ongororo yenhoroondo dzenyika dzinoratidza kuti nyika dzinomutsiridza nekukurudzira dzimwe dzetsika dzadzo idzo dzadzitora sedzakakosha mukutsanangura chimiro, vavairo nebudiriro dzadzo senzira yekuvaka nyika, kudzorera zvizvarwa zvadzo kuhunhu hwenyika pamwe nekuronga kana kuronga nyika patsva. Nguva zhinji kushandiswa kwetsika idzi kunokonzera zvakanaka nezvakaipa munyika. Dzimwe nguva tsika nenhoroondo dzenyika zvinokurudzira batano nebudiriro yenyika asi nedzimwe nguva tsika nenhoroondo idzi dzichishandiswa kukonzera upatsu-upatsu kuvanhu zvichienderana nekuti vatongi venyika vadzitora nekudzishandisa sei. Mazwi andanyora pamusoro apo aNehanda naGwagwa zvirevo zvinonyatsoumba mucherechedzo wemashandisirwo erunganombiri rwaNehanda kubva kuma1950 kusvika mazuvano. Mazwi ezvirevo ekutanga chiporofiti chaNehanda pachake kuburikidza nehomwe yake Charwe sezvataona mune imwe atikoro iri mujonari rino, asi mashoko echiporofiti aya akazonyanyoshandiswa kubva kuma1960 kusvika mazuvano. Munhoroondo dzeurongwa hwekurwira nyika, makore ekuma1950 akakosha nekuti urongwa uhu hwakanga kwakatarisa kumberi kwete kumashure semuhondo yeChimurenga cheKutanga. Vatungamiri veurongwa hwekurwira rusununguko

rwenyika vaida kusunungura nyika imwe chete yakanga yamisikidzwa nevarungu vobva waitonga sematongerero evachena. Vatungamiri vehondo yekusunungura nyika ava, avo vaiva vawana dzidzo kubva kuzvikoro zvevachena, vaida kuwana sununguko yenyika kwete inotsigirwa nevavariro yekudzinga vapambevhu munyika sevavariro yaiva nevarwi nevatungamiri veHondo yeChimurenga cheKutanga kuma1890 muZimbabwe. Kurwira kwavo rusununguko rwenyika kwaiva kwekuchengetedza nyika nehurumende dzakamisikidzwa pakapambwa nyika dheAfrika, kusanganisira miganhu nemapazi enyika akasiyana-siyana. Kunyangwe zvazvo vaiva nevavariro yakadai, asi vaidazve nhaka yenhoroondo netsika dzevatema kuti kurwira rusununguko kureve chinhu kumhomho yevanhu. Nokudaro, magamba emuAfrika akanga akaurawa nevapambevhu, akanzi mabasa awo haasi pamutemo, vakabhaniwa, vakamhurwa nevakanzi vatyori vemutemo nganombiri dzawo dzakamutsiridzwa kuti dzisusukidze urongwa hwekurwira rusununguko uye kuti hutambire neruzhinji rwevanhu. Tinotenda uvaranomwetaurwa huri munzvimbo netsika dzevatema umo magamba akanga abhaniwa akanga achiremekedzwa nekupembedzwa. Kumutsurudzwa uku pamwe nekurwiwa kwehondo yekusunungura nyika kuchidaidzwa zita raNehanda neamwe magamba ndiko kwakatorwa sezadzikiso yechiporofiti chekuti: “Mapfupa angu achamuka!” Kutaura kwaNehanda uku achienda kunosungirirwa kunopa chokwadi kupfungwa yekuti magamba haifi akaparara; mushure mekufa kwavo mweya yawo nenganombiri dzawo zvinozomutswa kuti zvikurudzire nyika.

Mazwi echipiri aGwagwa anotiratidza makuriro ezvinokonzerwa nekumutsa magamba kuti akurudzire vanhu pane zvavanenge vachida kuita munyika. Nganombiri ingano dzinotsvedza sehove; haukwanise kudzidzima kunyangwe uchida uye nekudzimutsurudza kunyangwe pasina zvinozokonzerwa zvinopikisana, naizvozvo pane zvakanaka nezvakaipa mukumutsa nekushandisa magamba munyika. Runganombiri rwaNehanda mucherechedzo wezvirevo zvose zviri zviviri zvandanyora pamusoro apo. Kubva kuma1950 kusvika 1980, runganotaurwa rwaNehanda pamwe naiye Nehanda zvakanga zvakakosha mukuvambwa kweurongwa hwekurwira nyika humire mutsika nenhoroondo yevana vevhu sezvo gambakadzi Nehanda raigarodaidzwa nekumutswa kuti rive hokero yekurwira nyika nekusunungura mhomho yevatema kubva kuupambevhu hwevachena. Mushure nyika yasunungurwa, rungano rwaNehanda runoramba ruchitaurwa nekuremekedzwa semucherechedzo wekuramba nekurwisa mamhepo ose eudzvanyiriri hwetsika, matongerwo enyika neupfumi hwenyika ekusanduka kwepasi rose ayo ane vavariro yekuparadza kodzero yekuzvitonga kwenyika yeZimbabwe. Asi zvakadaro, kuramba vanhu vachimutsurudza nekupembedza gambakadzi iri mushure merusununguko rwenyika kwakonzera matambudziko ematongerwo enyika pamwe neupfumi hwenyika. Kushandiswa kwegambakadzi iri mukuramba nemasimba pamwe nekutsigisa huchokwadi kwemasimba eutongi nesangano reMubatanidzwa weVatema veNyika yeZimbabwe kwakonzera kupatsuka nepakati kwevanhu, mhirizhonga mune zvematongerwo enyika pamwe nekusasamurwa kweZimbabwe nedzimwe nyika, zvikuru dzekumadokero, sezvatinoona kuburikidza nekutemerwa zvirango zveupfumi nekurambidzwa kuwadzana nedzimwe nyika. Bopoto reatikoro ino nderokuti kusiya kwekushandiswa kwegambakadzi Nehanda kubva kuma1950 kusvika munguva ino, kuri kukonzerwa neupambenyika pamwe nemusiirirwa wahwo. Izvi zvakacheke vatema kubva kuhunhu, nhoroondo, tsika neruzivo hwavo kuti vabvume kuti zvose maringe netsika, nhoroondo neupenyu hwavo zvakashoreka uye zviri pasi pezvenyika dzekumadokero.

Nzira dzetsvagurudzo nehwaro hwemaonero

Chinyorwa chino chinoshandisa nzira dzetsvagurudzo inokoshesa mafungiro evanhu, unhu hwavo nezvanosangana nazvo muupenyu hwavo. Nzira iyi inosanganisira

ongororo yezvinyorwa zvakasiyana-siyana zvinoti mabhuku, mapepanhau, maatikoro nezvimwe zvirima maererano nerunganombiri rwaNehanda. Nokudaro nzira yetsvagurudzo iyi ndeyetsvagurudzo yekuverenga zvinyorwa ugere. Asi hurukuro dzakaitwawo nevanhu vakasarudzwa uye vakakodzera vemakereke, masangano ematongerwo enyika, vakarwira nyika, nevamwe veruzhinji rwevanhu. Nzira yetsvagurudzo iyi yakanga yakanangana nekuona manzwisisiro evanhu uye nemaonero avo maringe negambakadzi Nehanda uye nekukosha kwaro munyika yazvino yeZimbabwe. Maringe neurongwa hwepfungwa dzinotsanangura maonero emamiriro ezvinhu, chidzidzo chino chinoshandisa hwaro hweAfrikaonero. Aya maonero anokoshesa kushandisa ongororo yechose chiri pamusoro peAfrika kuchishandiswa mazano akadzama etsika nenhorondo dzavatemala vemuAfrika. Pane tsananguro nemataurirwo eAfrikaonero akasiyana-siyana (somuenzaniso ona, Asante 1980, 1987; Karenga 1986, 1988; Keto 1990) asi ose anokoshesa kuratidza amwe maonero ekunzwisisa pasi rino (Dei, p.5), kwete kungogarovavarira kuziva pasi rino nemazano eYuropuonero. Maziviro eAfrikaonero andiri kushandisa muatikoro ino ndiwo anoti tsika dzevanhu vane madzinza avo ane mviromviro muAfrika kana kuti vatema, nhaurwa dzavo dzepasichigire, uye nenhorondo dzavo, zvinokwanisa kuonekwa semuunganidzwa weruzivo unoona nezveupenyu hwevanhu. Zvekare kuti hwaro hweAfrikaonero ndeimwe nzira yemaonero isingasarudzi uye urongwa hweruzivo husingadzvanyiriri asi hunotsigirwa nezveupenyu nenhorondo dzevanhu vatema vemuAfrika (Dei, 1994, p.4). Naizvozvo, pfungwa yeAfrikaonero inodzivirira nhunha dzechinyorwa chino kubva mukusandurudzwa kwenhorondo netsika dzemuAfrika nepfungwa yeMaonerodokero. Afrikaonero inotsigirwa neMaonero eVobwo (Nakata, 2007) ayo anokurudzira kuumbwa kwenzira dzevobwo dzetsvagurudzo pamwe nematekiniki evatsvagurudzi vobwo nekurizena kwakanangana ne kudzidza nezvenyika dzavo. Nakata (2007) anotsanangura maonero aya se“mhando yengororo” yakakosha iyo inova “chombo chinoshandiswa zvose kuvaka mazano zvine tsananguro uyezve nekurizena zvisina tsvete” paine vavariro “yekumbunyikidza vamwe pamwe nekusimudzira nyaya dzanga dzisingatariswe nevamwe”. Chiga chiri pamongo peongororo yeMaonerovobwo ndicho ‘uvobwo’ hwemutsvagurudzi (Foley, 2003), uhwo husanganisira kukoshesa, kusanganisa nekusundaidza zveupenyu neruzivo rwetsika zvevatsvagurudzi vevobwo nenzira dzisingakwaniswi nevasiri vevobwo (Coates, Trudgett naPage, 2023: 906). Maonero eVobwo anogovana zviga neAfrikaonero ayo anokoshesa kushandiswa kwemazano anobva munhorondo netsika dzemuAfrika mutsvagurudzo iri pamusoro peAfrika uye nevatemala vose pasi rose (Asante, 2014, 1998, 1980; Ani, 1994). Nokudaro, Afrikaonero neMaonerovobwo ipfungwa dzinobatsirana nekuda kwekunangana kwadzo nechiga chevobwo uye neuvobwo hwemutsvagurudzi. Maonero aya anondibatsira kuongorora gambakadzi Nehanda nemaonero euvobwo hweAfrika zvichibatsira kuti tinyatsonzwisisa kuti gamba iri rinozikanwa nekurumbidzwa sei munhorondo netsika dzemuZimbabwe.

Urongwa hweKurwira Rusununguko neKusimudzirwa kweGambakadzi kuva Chimiro cheNyika

Ndangariro maringe naNehanda dzakavandudzwa nekusimuka kwaita urongwa hwekurwira rusununguko hwakatanga kuma1950. Sekutaurwa kwazvinoitwa naMartin naJohnson (1981), kunyangwe Nehanda akaurawa mukupera kwemakore ekuma1890, “zita rake rakaramba riri benyu mutsikataurwa dzevaShona sezvo ngano dzemagamba ehondo yekutanga yerusununguko dzaitaurwa nevakuru mumisha” (pp. 49-50). Chimurenga chePiri (1960s-1980) chisati chatanga, icho chinova hondo yakaunza rusununguko muZimbabwe, mukurumbira werunganombiri rwaNehanda wakanga uchingova kumatunhu ari kumaodzanyemba nepakati peZimbabwe. Asi nekuda

kwekuvambwa kweurongwa hwekurwira nyika nekukokorodza kwahwaiita ruzhinji rwevana vebwo, pasina kutarisa dzinza kana mutauro wavo, gambakadzi Nehanda rakazozivikanwa nekuremekedzwa nyika yose. Uyezve Nehanda akazozivikanwa nekukudzwa nyika yose nekuda kwekutsvaga zvakakosha nezvakakodzera zvenhorondo netsika dzenyika yevobwo zvinokurudzira vanhu senzira yekuvapa shungu dzekupinda muurongwa hwekurwira nyika yavo. Munguva yeChimurenga chePiri basa rekumutsidzira rungano rwaNehanda kuti rutekeshere nyika yose rakaitwa nebandiko rezvehondo reMubatanidzwa weVatema veNyika yeZimbabwe iro rakarwira munzvimbo dzinogara vaShona, uko kwaiva nerutsigiro rwezvematongerwo enyika hwesangano iri hwakanyanya. Kubva munguva iyi gakambakadzi Nehanda rakanyanyova mufananidzo wekuramba upambevhu kuburikidza nekurwa, kuramba tsika dzevachena pamwe nekudzorwa kwevhu rakabiwa nevapambevhu. Danho rehondo yeChimurenga chePiri rekurwa kwakasimba uye kune budiro kwakatanga kumatunhu ari pakati pemaodzanyemba nemabudazuva enyika. Aya ndiwo matunhu gambakadzi Nehanda rainyanyozivikanwa. Kurwa kwakazotekeshera kuchienda nenyika yose kusvika kwatandira zvikamu makumi masere kubva muzana zvenyika pakazosvika makore ekuma1970. Mutsikataurwa dzehondo yeChimurenga chePiri, mapfupa aNehanda akanga amuka kekutanga munaNyamavhuvhu 1966 pamhemberero yemakore makumi matanhatu nemasere gambakadzi iri raurawa. Mugore iri varwi verusununguko vekutanga vakapinda munyika kundorwisana nemauro eRhodesia kuChinhoyi. Kunyagwe varwi vose ava vari vanomwe vakaurawa, kurwa kwavo uko kunorangerirwa nezita rekuti Hondo yeChinhoyi wava mucherechedzo wembumburu dzekutanga kupfurwa kuvamba Chimurenga chePiri.¹ Mumakore ekutanga ekuma1970, “makore makumi manomwe nemana Nehanda asungirirwa nevapambevhu, apo danho rine simba uye risingadzokeri shure reChimurenga chePiri ratanga, rimwe rematunhu mana akatarwa nevarwi verusununguko kurwira hondo ari pakati pemaodzanyemba nemabudazuva enyika, rakatumidzwa zita rekuti Nehanda” (Martin naJohnson, 1981, s. 50) amwe matunhu ekurwira hondo akatumidzwawo amwe mazita emagamba enguva iyo vachena vasati vapamba nyika ino uye mushure vapamba, vakaita saChaminuka, Herbert Chitepo² naLeopold Takawira.³ Kunyange zvazvo panguva iyi pakanga pasisina homwe yaNehanda ine mukurumbitra sewaiva naCharwe, nganotaurwa maringe nebasa raakaita muhondo yeChimurenga cheKutanga pamwe nekuurawa kwake, dzaitaurwa zvakananyanya kumaruzevha uye kunyangwe nemumadhorobha. Mabasa ekurwisa rusununguko otanga kufazhaira kuma1950s, nganombiri yaNehanda yakaramba ichimutsiridzwa nekuwedzererwa kuti ienderane nevavairo neshuviro itsva dzekurwira rusununguko.

Nganotaurwa idzi dzakanga dzakakosha mukuruka mongo weurongwa hwekurwira nyika hunosundaidzwa netsika nenhoroondo dzezvizvarwa zveZimbabwe. Muna 1978, Robert Mugabe, uyo aive mumwe wevakakosha vevatungamiri veurongwa hwekurwira nyika mushure akazoita iye mutungamiri wesangano reMubatanidzwa weVatema veNyika yeZimbabwe kubva kumakore epakati ekuma1970 akataura kukosha kwenganotaurwa dzemagamba evaShona kuti dzakavakurudzira kuti vanorwira hondo yekuwana rusununguko. Anoti:

¹ Zororo reMagamba iro rinorangerirwa varwi verusununguko vapanyu nevakatisiya, rinoitwa gore roga-roga mumwedzi waNyamavhuvhu. Bhendi reMbundu Boys rakatsikisa rumbo runonzi “Viva Chinhoyi” muna1989 kucherechedza varwi verusununguko vanomwe vakaurawa pahondo yepaChinhoyi muna1966.

² Aiva sachigaro wenyika wesangano reZANU uye achitungamira Dare reChimurenga reZANU.

³ Aiva mutevedzeri wekutungamiri weZANU uye akafira mutirongo.

Ruvengo rwakadzama [kuhurumende yevapambevhu].... rwakatanga kuburikidza nengano idzo vabereki vedu vaititaurira; kuti vapambevhu vakauya munyika sei, vakabvuta ivhu redu sei (Barraclough, 1978).

Kufanana nemunguva yeChimurenga cheKutanga, nganombiri yaNehanda yakava mviromviro yesungano yevarwi verusununguko vaibva kumatunhu akasiyana enyika. Yakakurudzira zvose vakadzi nevarume kutsigira hondo yechimurenga pamwe nekusimbaradza mweya wekuda nyika yavo pamwe nekuziva kuti ivo vane ukama nenyika iyi ndivo vagari vemunyika yeZimbabwe. Anderson (1986) anotaura kuti nyika yoga-yoga ine mavambo ari mutsika nenhoroondo dzayo dzinorukwa nekutevedzerwa nekukurudzirwa nevanozviti ndivo vobwo venyika iyi. Rudo netsika nezvinamato zvavo ndizvo zvinoita kuti vazvipire kurwira sununguko yenyika yavo. Hondo yeChimurenga chePiri yakakwidziridza chimiro chaNehanda kuti ave gamba renyika yose nemarudzi ose uye kuti apembedzwe nemarudzi nematunhu ose munyika. Somuenzaniso, Yvonne Vera, sarunganokadzi wechiNdevere, akakurudzira nenganotaurwa dzaNehanda kunyora nganonyorwa pamusoro paNehanda uye ine musoro wenyaya wekuti Nehanda (1990). Semudzimu wekuchengetedza vanhu, Nehanda haana chete kuva mucherechedzo weshungu yekuwana rusununguko rweZimbabwe, asi zvekare nzira yekufamba nayo kusvika nyika yawanikwa. Mazwi ake echiporofiti, 'Mapfupa angu achamuka', akatorwa sechokwadi. Kuvatema vakanga vatendeukira kuChiKristu asi vachitendera muchinamato chavo chekupira midzimu, kumuka kwemapfupa aNehanda vakakufananidza nekumuka kwengozi iyo inonotsiva zvakaipa zvayakaitirwa ichivavarira kuti iripwe, muhondo yekurwira nyika zvichireva sununguro yevatema nekudzorerwa kweivhu ravo. Pachavo vega, sezvatamboona, vechidiki vakomana nevasikana vakasiya zvikoro nevabereki kuita nhangemutange kunodzidziswa kuva varwi verusununguko. Kunyangwe zvazvo vaimbova varwi verusununguko dzimwe nguva vachipa zvikonzero zvakasiyana zvakaita kuti vajoine hondo yechimurenga, vazhinji vavo zvikuru vechikadzi, vanopa umboo hwekuti nganotaurwa dzaNehanda ndidzo dzakavapa shungu dzekunojoina hondo yerusununguko. Josiah Tungamirai, uyo aiva umwe wemakomanda makuru ebandiko rehondo reMubatanidzwa weVatema veNyika yeZimbabwe (ZANU) rinonzi Mauto eSununguro yeNyika yeVatema yeZimbabwe (ZANLA), anoti varwi vebandiko iri pavakasvika kudunhu reDande vakaona kuti tsika yemasvikiro yaanaSekuru Kaguvi naMbuya Nehanda yakanga ichiri kutevedzwa nekutenderwa zvikuru, uye kuti vagari vemunzvimbo "vakanga vobvisa rukudzo rwavo rwemadzishe avo, avo vavakanga voona sevatengetesi kana vakerekesi vevatongi vakapambe nyika, vachirupa kumasvikiro" (Tungamirai, 1995, s. 41). Kunyangwe naIan Smith mutongi weRhodesia uyo aiva musaruraganda uye achiramba utongi hwevatema, akabvuma kuti Nehanda neamwe masvikiro vaiva nemasimba nekurudziro kuvatema apo pakatanga danho rekurwa zvakasimba nekusadzokera shure rakatangwa neMauto eSununguro yeNyika yeVatema yeZimbabwe mugore ra1972.

Akati kusora kwakaitwa nebandiko reRhodesia rekudzivirira nyika kwakanga kwaburitsa pachena kuti "masvikiro ane hunhu husihwo uye asina remekedzo zhinji" ayo "akanga abudirira kuunza vanhu kudivi rawo" uye kuti akanga achishamiswa kuti "zvaifamba sei kunyepera vanatigerehedu vevanhu vanongotendera zvose-zvose avo vachiri kutenda kuti kune uroyi uye nekurova hakata" (Martin naJohnson, 1981, s. 74). Avo (masvikiro) vainzi nemutangamiri weRhodesia vaiva 'varoyivarapi' ndivo masvikiro anoremekedzwa muvanhu avo mabasa aNehanda akanga akasimba mune zvemweya. Ndiwo masvikiro akanga atambira varwi verusununguko ayo ainzi magorira uye achiona kuti magorira awana rukudzo kubva kuvanhu, avanzwa, apiwa chikafu pamwe nemashoko maringe nemafambiro emasoja eRhodesia. Sekubvuma kwakaitwa naSmith, "ndicho chikonzero" "zvakanwanisika kuti magandanga agare nekurwira munzvimbo iyi kwenguva yakareba vasina kuzivikanwa" (Martin naJohnson, 1981, s. 74). Saka

nganombiri yaNehanda yakanga yakakosha muruka zivo yevatema maringe nekukosha kwekurwira rusununguko munguva iyi yehondo. Sanhoroondo Ranger (1985) anopa pfungwa yekuti kumatunhu ari pakati pemaodzanyemba nemabudazuma munyika, “masvikiro akaita basa guru” rekuvandudza zivo yezvehondo yechimurenga kune vechidiki, avo vakanga vojoina hondo iyi uye vachiimba nziyo dzemuchimurenga vachipembedza Nehanda uye nekukumbira nhungamidzo yemidzimu mikuru yenyika (ss. 204-205). Mashoko aSmith anoratidza zviri pamhene kusanzwisisa kwake tsika nechinamato chevatemala uye ndiko kufunga kwaiva nevazhinji vevachena muRhodesia. Kuferefeta kwakaitwa neBandiko rakaKosha reVasori (*Special Branch*) kwakanga kwaona zvechokwadi kuti kubudirira kwekurwisa hurumende kwemagorira kwakanga kwakonzerwa nekutambirwa zviri nyore nevanhu kwemashoko ekudzvanyirirwa kwevatema nevarungu “mumweya wakafanana newekurwisá varungu mumakore ekuma1890, pamwe nenhoroondo dzine kurudziro kuvanhu dzemasvikiro akaita saNehanda naChaminuka avo panguva iyoyo Smith aitura, mazita avo akanga atumidzwa kumatunhu matsva ekurwira hondo kunzvimbo dziri kumaodzanyemba nemabvazuva” (Martin naJohnson, 1981, s. 75) enyika. Vechidiki vakajoina hondo vari gurumwandira nekuti vaitendera kuti vaiva ivo mapfupa vegambakadzi akanga ataurwa makumi emakore akati oo apfuura kuti achazomuka. Mukurudziro Mukuru wezveMatongerwo eNyika muZANLA, Josiah Tungamirai, anotaura achiti Nehanda “ndiye svikiro raiva nemukurumbira wakanyanya kupinda amwe muZimbabwe uye amwe masvikiro vakatomutevera kujoinawo magorira, kuendesa vechidiki kunojoina ZANLA, pamwe nekunongedza ‘vatengesí’ vari mumamisha” (Martin naJohnson, 1981, s. 78). Mukutaurwa zvinokwezva vateeri kwetsika nenhroondotaurwa dzeurongwa hwekurwira nyika mazwi ekuti ‘Tora gidi uzvitonge’ akawedzerwa, achinzi akataurwa zvekare naiye Nehanda apo akataura mazwi ambotaurwa ekuti ‘Mapfupa angu achamuka’ paakanga oendeswa nevapambevhu kunourayiwa. Mazwi aya akapiwa mukurumbira nerumbo rwechimurenga rune zita rine mashoko amwewo ekuti ‘Tora gidi uzvitonge’, urwo rwandichaongorora mune chimwe chezvikanu zvinotevera.

Varwi verusununguko, vatungamiriri veurongwa hwekurwira nyika pamwe nemhomho yevatemala vose vaidaidza zita raNehanda kuburikidza nedzimbo neminamato apo vaitsvaga nhungamiro nechengengetedzo zvikuru-kuru apo hondo yakanga yopisa. Umwe wevatungamiri veurongwa hwekurwira nyika, uyo akazoita mutevedzeri wemutungamiri wenyika Zimbabwe yasununguka, Simon Muzenda, akanga achitorwa mwoyo zvakananyanya nedetembo remunyori, Solomon Mutswairo, rekuti “Nehanda Nyakasikana”. Munguva yehondo uye nemunguva iyo nyika yasununguka, airidetemba pamagungano ematongerwo enyika akazvipira uye asingazezi. Detembo iri rakava munyengetero wenyika apo vatungamiri vebato raivepo mazuva iwayo reSangano rezveUtongi hweVeruzhinji muNyika (*National Democratic Party*) vakaona kuti urongwa hwekurwira nyika hwaifanira kuita kuti hondo yechimurenga ive nechirevo nekutambirwa mutsika nemuchinamato chevatemala. Chinamato chevachena chakanga chapatsanura vatema chichivaisa mukakereke akasiyana-siyana. Apo nhengo dzemusangano dzaiungana umwe okumbira kupa munamato wemavhuramusangano, aiwanzonamata semanamatiro aanoita kukereke kwake. Sezvo nhengo dzemusangano dzaipinda makereke akasiyana, mune zvemweya maitiro aya aipatsanura vanhu mumusangano nemukufambiswa kweurongwa hwekurwira sununguko yenyika. Ndicho chikonzero chaita nhengo dzose dzebato iri dzisarudze kuti detembo iri rive iro munamato uchadeketwa pose panoitwa ungano dzezvematongerwo enyika. Sanhoroondo ane mukurumbira muZimbabwe, Bhebe (2004) anoti “nhengo dzakati wandei dzakasarudzwa kuti dzidzidze detembo iri nekuzoridetemba nemusoro vachitungamira vamwe mukunamata” (s. 122). Achitora mashoko chaiwo akataurwa naMuzenda, Bhebe (2004) anonyora kuti: “Panguva yose

yatainamata nedetembo iri, taisimudza maoko edu. Takanga tataurirawo vamwe vanhu vane chitsama kuti vadzidzire kudetemba detembo iri, uye ini ndaive umwe vevamwe vakakwanisa kukasika kugona kuridetemba” (s. 122).

Sezvatinona mudetembo raNehanda Nyakasikana iri, raitisoropodza varungu zvakavanzika; kwaiva kurova imbwa rakaviga mupinyi. Vapambevhu, mamishinari nevamwewo vatema vasingazivi mutauro wechiShona wechibhende havana kubata pane mongo wedetembo iri kuti raichema kuna Nehanda pamusoro pekushungurudzwa kwevatema nevarungu. Mitsetse inova mibvunzonhando izere mudetembo iri, ndiyo inoburitsa kuchema uku zvine shungu dzakadzama. Idetembo rakapfumbata kutorerwa ivhu kwevatema nevapambevhu, kushandiswa zvine utsinye mumapurazi nemumigodhi nevachena, kurohwa, kutorehwa zvipfuyo nekubhadhariswa mitero. Mutsara unoti: ‘Pfuma yenyika nhasi vakatora vakagovana pachavo vepfumojena’, ndiwo wakapfumbata pfungwa iyi. Zita rekuti ‘Vanyai’ rakashandiswa nasarungano kumiririra vatema iriwo rekuti ‘Pfumojena’ utongi hwechipambevhu. Mambo anonzi Pfumojena munovheri raMutswairo, anotonga vanhu vake nechibhakera chesimbi, achivarova nekuvaauraya sezvaitwa nevachena munguva yeupambevhu yakanyorwa novheri iri. Kunyangwe munhoroondotaurwa Pfumojena riri rimwe remazitateguru ekutanga evaShona, Mutswairo anorishandisa zvine chibhende kureva varungu sezvo mundevo dzevaShona izwi rekuti ‘pfumo’ uri mucherechedzo wehondo, udzvanyiriri nekuurawa. Saka munyori ari kuti kutongwa nevachena kwaiva pfumo kana kuti kwaiva hondo. Ndizvo nyanduri mudetembo iri, uyo murume mukuru achembera achichema nekugurukuta kuna Nehanda achiti:

Kunozove riniko isu vaNyai tichitambudzika?

Mweya unoera! Kunozove riniko isu vaNyai tichidzvinyirirwa?

Ko, toshirira kudzamara kuve rini?

Ko, inga taneta wani nokunwa misodzi? (Mutswairo, 1956).

Zvechokwadi vapambevhu kutonga kwavo kwaiva kwepfuti, mhirizhonga, kuvhundutsira nekuzvambaradza vatema nezvamboko, kuvasunga nekuvakanda mumatirongo pamwe nekuvasveveredza. Nokudaro detembo iri rinoburitsa pachena “hasha nemarwadamwoyo evatema maringe nemabatirwo avaitwa nevachena. Rinodoma kunyadziwa kwevatema, kubirwa upfumi hwavo zvine makaro akaraudzira, uye raikoshesa shuviro yevatema yekusvika kwezuva rekuoneka kwemutoro hweutongi hwevachena wekusvetwa simba nekudzvanyirirwa” (Bhebe, 2004, ss. 121-122). Fanon (1963) anoyanika pfungwa iyi pamhene yekutonga nechibhakera nedemo kwevapambevhu achiti: “Mukusangana kwavo nevatema, vapambevhu vauya nemhirizhonga uye kuzogara kwavo vose - zvichireva kudzvanyirirwa kwevobwo nevapambevhu - kwaiitwa kuburikidza neungwanda-ngwanda hwemapanga epfuti nenganunu” (s. 36). Anoenderera mberi zvakare achiti: “Mhirizhonga ... yatonga urongwa hwekutongwa kwenyika dziri muupambevhu, ... yaridza zvisina magumo mutinhimira wayo wekuparadzwa kwemhando dzetsika nemagariro evobwo uye nekutyora pasina kusarudza urongwa hwezveupfumi, tsika dzezvipfeko ...” (Fanon, 1963, s. 40) zvevatema. Edwards (2008) anotsinhira pfungwa yaFanon achiti, “nguva zhinji urongwa hweupambevhu hwakanga huchifambiswa kuburikidza nemhirizhonga” yakanga yakanangana nekudzika miganhu inofanira kutevedzerwa nevakapambwa (s. 62). Ndiro pfumo revapambevhu riri kuchemwa neharahwa nyanduri mudetembo iri, rinobaya pose zvapo pane upenyu hwevatema - upfumi hwavo, magariro avo, tsika dzavo, zvitendero zvavo, zvidyiwa zvavo, zvipfeko zvavo, ugaro hwavo. Pari papiko panosara?

Hurukuro yandakaita nasarungano Solomon Mutswairo mugore ra1998, iye anoti vaongorori veBazi rezveKunyorwa kweUvaranomwe muMitauro yeVatema (Southern Rhodesia Literature Bureau) iro rakavambwa mugore ra1953, vakabvisa chitsauko chekutanga munganonyorwa *Feso* sezvo chakanga chichitsoropodza kutorerwa ivhu kwevatema nevapambevhu. Naizvozvo munovheri rakazotsikiswa, chitsauko poshi chaiva chitsauko chepiri murunganonyorwa munyori akaendeswa kuBazi iri (Musiyiwa, 1998). Kushandiswa semunamato weurongwa hwekurwira nyika kwedetembo 'Nehanda Nyakasikana' kwakaita kuti Simon Muzenda asungwe mugore ra1962. Akaridetemba pamusangano weSangano rezveUtongi hweVeruzhinji muNyika uyo wakaitorwa kuMvuma mutungamiri wesangano iri, Joshua Nkomo, akauya akataura zevamatongerwo enyika. Asungwa Muzenda akapomerwa mhosva yekupandukira hurumende uye nekupevedzera vanhu kuti vamukire vachena (Bhebe, 2004, s. 122). Mukuzvidzivirira kwake mudare redzimhosva, Muzenda akaramba kuti Pfumojena zvaireva varungu sekupomerwa mhosva kwaaitwa nemuchuchusi nevaturikiri vedetembo iri kuenda muChirungu. Akati Pfumojena rwaiva rumbo rwechinyakare, urwo akakumbira jaji kuti aruimbe. Akarudenha "Vana vaPfumojena Vachauya" vateereri mukoti vakadavirira zvine simba nemutinhira zvakashamisa jaji, John Bull, uyo akadaidza vafakazi vemuchuchusi vakabvuma kuti rumbo urwu rwaiva rwechinyakare rwevaShona uye rwakanga rusingatauri nezvevachena. Bull akapa Muzenda wonin'i pamwe nekumusungura (Bhebe, 2004, ss. 122-124).

Semucherechedzo wetsika dzevaShona, chinamato chavo neupenyu hwavo, gambakadzi Nehanda chakava chombo chakasimba chekuita tsika dzeupambevhu nechinamato chahwo gariranoko. Chakabudirira kugarira nekudzima manyepo eupambevhu aitsigirwa nezvinamato zvevachena aitsoropodza hondo yechimurenga. Neimwe pfungwa, sezvakafanana nezvakaitika muHondo yeChimurenga cheKutanga, hondo yekusungura nyika yaiva hondo iri pakati peurongwa hwetsika nezvinamato zvinopikisana. Sechokwadi chinoratidzwa naBruce Moore-King, uyo aiva musoja wechichena Muuto reRhodesia, munganonyorwa yake inonzi *Muchena, Hondo yeVatema* (1988), vatongi veRhodesia vaishandisa zvakanyanya purupiti kukurudzira vana vavo kuti varwire kudzivirira nhorooondo nebudiriro yeupenyu hwevachena iyo inotsigirwa nechitendero cheKristu izvo vaiti madzitateguru avo akaunza muZimbabwe.

Nehanda anoendeswa kuMozambique

Zvakakosha kutaura kuti tendero musimba rmasvikiro, zvikuru-kuru muna iye Nehanda, zvakaita kuti varwi verusununguko vatsvage botedzi raNehanda mugore ra1972 kuti vapiwe mazano ezvemweya ekurwa hondo yechimurenga. Svikiro raNehanda nguva iyoyo raigara mudunhu reMusengezi, ndiro rainzi Kunzaruwa. Kwemakore anodarika makumi matanhatu Charwe aurawa, ndiro rairemekedzwa resvikiro chairo remweya waNehanda wekutanga. Magorira chaainyanyoda kuna Nehanda kuziva kuti vangarwisa vapambevhu nemutowo upi, "kwavangaviga zvombo, nzvimbo dzekuhwanda, pamwe nenzira dzekufamba nadzo" (Martin naJohnson, 1981, p. 75). Richitanga gore ra1972, gorira Joseph Chimurenga rakasvitsa shoko kune rimwe svikiro rainzi Chipfeni iro rakamutaurira kuti vanoona amwe masvikiro, Chidyamauyu naChiodzamamera. Chidyamauyu, uyo vaiva svikiro diki pane ose pazera, ndiye aiita basa rekuchengeta svikiro raNehanda. Nguva iyoyo homwe yaNehanda yaiva mumwe mukwegurukadzi aiva nemakore anopfuura makumi masere (Lan, 1985, ss. 4-5; Martin naJohnson, 1981, s. 75). Magorira Joseph Chimurenga naMayor Urimbo vakaenda kuMusengezi vakataura naiwo mudzimu waNehanda pachezvayo vakatsanangura kuti vaiva vana vake uye vaida nhungamhidzo yake muurongwa hwavo hwekutanga hondo yekusunungura nyika. Gorira Chimurenga anoti mukutaura kwavo

nemudzimu Nehanda, iwo wakati vatore homwe yawo kunzvimbo yakavanzika uye isina njodzi uko Nehanda aizokwanisa kuvapa mazano kuburikidza nehomwe yake (Martin naJohnson, 1981, s. 75). Varwi verusununguko ava vakamboenda naye kudunhu remaodzanyemba nemabvazuva uko kwavakazogadzira banda vakasungirira jira ndokutakura homwe yaNehanda kuenda kuChifombo, muMozambique.

Rwendo rwavo rwakanga rusi mufambanyore sezvo vaifanira kutevedzera zviera zvekufamba nemudzimu mukuru uyu. Semuenzaniso, havaifanira kuyambuka rwizi vasina kutenderwa nesvikiro. Pavakasvika parwizi Zambezi vakapedza nguva refu vachionbera kusvikira vazogutsikana kuti Nehanda abvuma kuyambuka. Vakatakura Nehanda nechikepe chinovezwa nedanda, ndokuyambuka havo vakananga kuChifombo. Vakamuvakira imba yake paChifombo apo aita basa rekueresa zvombo nevarwi apo vanenge vodzoka kumusha kuzorwa hondo yechimurenga. Aitaurira varwi verusununguko kuti “kana vaida kukunda hondo havaifanira kubata vanhukadzi (kuita choupombwe), havaifanira kudya dzimwe mhando dzeusavi (somuenzaniso, derere) uye havaifanira kurwisana pachavo” (Martin naJohnson, 1981, p. 76). Gorira Urimbo anowedzera achiti pavakasvika kuMusengezi, vataura naye vachiti: “Tiri vana veZimbabwe, tinoda kusungura nyika yeZimbabwe. Ivo (Mbuya Nehanda) vakafadzwa kwavo (nemashoko aya). Vaiziva zvakanyanya nezvehondo uye nekufambisa marwiro ayo. Vakati, ‘Iri sango rinorema zvakanyanya kuti muri pinde’, asi vakatiudza mafambiro. Vakatiudza mhando dzechikafu chatinofanira kudya, nzira dzekufamba nadzo, nzvimbo dzesanga dzataiva tingingabvumidzwi kugara kana kurara madziri, dzatakanga tisingabvumidzwi kurwira (hondo). Vakati takanga tisingabvumidzwe kuenda nevasikana uye vakatidzidzisa kutsanangura zviratidzo zvakawanda mumasango izvo zvaizaita kuti tigare neruchengetedzo uye nekuziva kana muvengi wedu ave padyo” (Lan, 1985, s. 4).

Mukurudziri Mukuru wezveGwara reMusanganano muZANLA, Josiah Tungamirai, anobvuma simba raNehanda rekukudzira varwi apo akatorwa kuendwa naye kuMozambuique.

“Patakatanga hondo vanhu ava (masvikiro) vaibatsira nekukurudzira vanhu kuti vajoine hondo yechimurenga. Mumisha yavo vaiva nesimba guru. Kana vakataurira vana vavo kuti vasati vajoine vana havaitijoina. Pataida kunovhura nzvimbo itsva yekurwira, taitotanga takumbira masvikiro” (Martin naJohnson, 1981, s. 78). Mumaonero aTungamirai, Nehanda ndiye aiva mukokorodzi wekutanga uye mukuru wekuti vana vajoine hondo apo vakatanga danho rekurwa hondo zvine simba vasingadzokeri shure nekuti “panongozikanwa nevehidiki, vakomana nevasikana vari munzvimbo iyoyo kuti Nehanda akajoina hondo, vaiuya vakawanda zvikuru” (Martin naJohnson, 1981, s. 78). Seshingi hwakaitwa naNehanda muna1898 achitongerwa rufu, vehidiki vakanga vavawo neushingi sehwaNehanda. Vakanga vazvipira kufira nyika sezvatinoona kuti sekutongwa kwakaitwa Nehanda, magorira anotanga pamakumi mashanu kana kudarika vakatongerwa rufu apo vaikepuchiwa nemasoja aSmith, vobva vahenghwa (Martin naJohnson, 1981, s. 106).

Gambakadzi Nehanda raivawo musimbati wezvehunhu hwakanaka hwaikurudzirwa kuvarwi verusununguko. Kuva nehunhu hwaitarisirwa munguva yehondo kwaibva mune zvakataurwa naNehanda pamwe netsika dzechinamoto chevaShona dzine chokuita nekusvikirwa. Izvi zvaitirwa kuti varwi verusununguko varambe vakananga chete nevavariro yechimurenga yekusunungura nyika sezvo vakanga zvino vava ‘mapfupa akanga amuka’ egambakadzi remukurumbira. Lan (1985), muhurukuro yake nevakarwa hondo yechimurenga anoti varwi ava vaiti Nehanda akanga achivenga chinhu chose chine chokuita nevachena. Muhondo yeChimurenga cheKutanga akataurira varwi vevatema kuti mukurwa kwavo vasapamba zvinhu zvavarungu, nekuti vakadaro hondo havaizoihwina. Izvi zvakaitawo

kuti varwi verusununguko vavenge vachena zvakanyanya vachiziva kuti ndivo mhandu yavo uye vachivadidza kuti 'mabhunu', zita rinoreva vachena vane utsinye hwakanyanya hwaitirwa vatema. Kuteerera mashoko ehunhu hwaidiwa neNehanda zvakaita kuti varwi verusununguko varemekedze masvikiro ose munzvimbo dzaivarova chimurenga, ayo akanga madzikisirwa masimba avo neutongi hwevapambevhu nezvitendero zvevachena ndokubva motsigira vanamukoma. Chirere naMhandu (2008) vanoti masvikiro vaibatsira "nekusundaidza pfungwa yekuti vaizodzorerwa" kuvanhu "ivhu pamwe nemasimba avaiva nawo ayo izvo zvakabvutwa nevapambevhu" (s. 274). Vachibatsirwa nemasvikiro, varwi verusununguko "vakakwanisa kuzadzikisa zvisungo zvekurwa kwavo zvekudzidzisa veruzhinji nezvematongerwo enyika, kutakura zvombo pamwe nekurhukuruta vechidiki" (Tungamirai, 1995, s. 41). Sezvinoratidzwa munovhero raMafuranhunzi Gumbo, *Bute reMagorira* (1995), gambakadzi Nehanda rakanga rakakosha mukuumba nekuchengetedza kubatana pakati pevarwi vehondo nevabereki pamwe nekuona kuti vanhukadzi havambunyikidzwi nekurikidza nekuramba bonde pakati pevarwi avo vairwira nyika. Varwi vanenge vapara mhosva vaifanira kutongwa nomazvo. Tichitarisa zvakadzama, kufanana nehondo yeChimurenga cheKutanga, hondo yeChimurenga chePiri yaivawo hondo yekurwira tsika nehunhu hwevatema. Uyezve, sezvazvinoratidzwa murunganonyorwa *Bute reMagorira*, hondo yeChimurenga chePiri sekuonekwa kwayaiitwa nevatendi vemakereke echitema, yaiva "hondo yaMwari inoera" (Gumbo, 1995, s. 189).

Mumharidzo dzemakereke eChiKristu chevatemala munonzi hondo yeChimurenga chePiri yakaita zvekumutsirwa vashakabvu kuti varwe hondo sezvo vapambevhu vairambidza, kusunga nekushungurudza vatendi vemakereke evatemala. Vaishungurudzwa kuti vasanamate nokuti vapambevhu vaitya kuti vatema vangazopandukira hurumende. Saka zvinoreva kuti vanamati vemakereke echitema vakamutsa mweya wechimurenga ukapoterwa nenyika uchipfeka vakawanda kuti varwire nyika. Izvi zvinotitondedza nyaya yandambotaura kumashure yakanzi naNehanda, 'Mapfupa angu achamuka.' Saka hapana chekuramba kuti dai pasina gambakadzi Nehanda (uyewo naChaminuka naKaguvi), zvaizorema zvikuru kukurudzira nekukokorodza vabereki, varwi verusununguko pamwe nevatungamiri veurongwa hwekurwira nyikakuti vazvipire kuvavairo yehondo yechimurenga umo vamwe vaizorasikirwa neupenyu vachirwira nyika yavo. Runganombiri rwaNehanda rwakabatsira zvakanyanya mune zvematongerwo enyika, zvetsika nemune zvepfungwa kuti sei hondo yechimurenga yakanga yakakosha, kusanganisira marwadzo ehondo ayo vabereki nevarwi verusununguko vaisangana nawo. Kupira kuna neNahanda nekudaidza zita rake muminamato kwaitova marwadzo nekurerutsa upenyu kuvabereki nevarwi vehondo.

Hana dzavo dzaikwanisa kutambira ngwavaira dzhondo dzinorwadza zvakanyanya uku vachivandudza hushingi hwekuramba vachingorwa hondo. Gambakadzi Nehanda akaita kuti kufira sununguko yenyika chive chinhu chakakosha uye chekudada nacho. Zvinonzi munganotaurwa dzhondo yeChimurenga chePiri kana murwi akapfurwa nemuvengi akaona kuti haacharami, aikandira vamwe varwi vari padyo naye pfuti yake achiti, 'Ini ndava kufa, enderera mberi nehondo musunungure Zimbabwe!' Kuva murwi werusununguko kwazopembedzwa kuchinzi 'mbiri yechigandanga', uko munguva yeChimurenga cheTatu kwakaimbwa murumbo rwechimurenga naEliot Manyika runonzi "Mbiri yeChigandanga". Panorangarirwa magamba akafa muhondo gore roga-roga munaNyamavhuvhu, Mauto eZimbabwe anogarorangaridza nyika kuti tsika nehunhu hwavo hwehondo inhaka yavakagamuchira kubva kumagamba eChimurenga chechiPoshi akaita saMbuya Nehanda. Somuenzano, musi wa11 Nyamavhuvhu mugore ra2009 apo magamba akafa muChimurenga chePiri airangarirwa, mashoko aya akataurwa apo Mauto eZimbabwe

aiita mhembero yemagamba muNhandare yeGwanzura. Homwe yaNehanda, Kunzaruwa, akafa mugore ra1973 kuMozambique magorira akamuviga padyo nenzira yavaifamba nayo vachienda kuZimbabwe kunorwa hondo. Mayor Urimbo anoti, pavaipfuura nepaguva raNehanda vaimbotsveta zvombo zvavo paguva rake “vobva vakudza midzimu vachiti, ‘Tava kuenda kunosunungura Zimbabwe’” (Lan, 1985, s. 6).

Ndichipeta chikamu chino, tinoona kuti kunyangwe munguva yekutanga kwemakore ekuma1970 varwi veZANLA vakanga vachiri vashoma, nekukura nezvombo zvayo zvepamusoro mauto aSmith akatadza kuuraya varwi verusununguko ava. Izvi zvakakonzerwa nekuda kwemazano ekuhwanda, miko yekurwa neushingi hwaibva kuna Mbuya Nehanda. Martin naJohnson (1981) vanoti, kunyangwe zvazvo vasori vehurumende yaSmith “vaiva neruzivo rwemazita evazhinji vekarwi verusununguko vaiva kumatunhu ari pakati pemaodzanemba nemabudazuva enyika, nzvimbo dzavaiva vari uye nemarongerero avo, masoja eRhodesia, ayo aiva akasimba pakurwa nguva iyoyo uye aine midziyo yepamusoro yekurwa, akatadza kuparadza hondo yekarwi verusununguko avo panguva iyoyo ... vainzi vaiva vakawanda zviri pasi pe200” (s. 114).

Kusarova kwezita raNehanda mumimhanzi yenyika

Mukurumbira waNehanda tinouona mudzimbo dzechimurenga nedzemhira midzimu zvinova chimwe chikonzero chakaita kuti zita rake risarova uye rizivikanwe nenyika yose. Mune imwe atikoro, Musiyiwa (2026) anoratidza kupembedzwa kwaNehanda muuvaranomwe hwakawanda hunosanganisira mitambo, nganonyorwa, nenhetembo. Muchikamu chino, ndinoda kuongorora kurudziro yakaitwa negambakadzi kumimhanzi yemukurumbira munyika, zvikuru mimhanzi urongwa hwekurwira rusununguko rwenyika kana kuti dzimbo dzechimurenga. N’angarucheche dzezvedzidzo yemimhanzi dzinosanganisira Musiyiwa (2008, 2013), Turino (2000), Pongweni (1982, 1997) nedzimwe vakaongorora mhando dzakasiyana dzemimhanzi ine mukurumbira vachitsanangura mashandisirwo adzaitwa kusundaidza urongwa hwekurwira nyika hunobva mutsika nenhoorondo dzevatema munguva yeChimurenga cheChipiri. Mashandisirwo aya akaita kuti vaimbi vakasiyana-siyana vaburitse musambo wemimhanzi unonzi mumhanzi wechimurenga. Wakapiwa zita iri nekuda kwedindingira rawo rekutsoropodza udzvanyiriri neupambevhu uye uchichemera rusununguko rwevana vobwo nekupembedza magamba akaita saanaNehanda, Chaminuka naKaguvu pamwe netsika nezvinamoto zvevatema. Uyu musambo wehondo unokwanisa kupatsanurwa uchiiswa mumhando ina dzinoti nziyo dzechinyakare, nziyo dzemapungwe, nziyo dzemakwaya eZANLA nemimhanzi yemabhendi akasiyana-siyana (Musiyiwa, 2008, s. 15). Kubva kuma1950 apo urongwa hwekurwira rusununguko rwenyika hwakavambwa, tinoona zita raNehanda neamwe magamba achiimbwa zvakananyanya munhando dzose dzemusambo wechimurenga. Pakatanga urongwa hwekutorera varimi vechichena munda muna2000 kuburikidza nechirongwa chekutora ivhu nechimbichimbi icho chaidaidzwa kuti Chimurenga cheTatu, tinoona dzimbo dzechimurenga dzichimutsiridzwa nekuimbwa nguva nenguva. Pano ndichaongorora dzimbo shoma kuratidza kusarova kwegambakadzi Nehanda munhorondo nemunyika yeZimbabwe uye nekutsigira pfungwa inoti gambakadzi iri harisi chete iro rine mukurumbira wakanyanya, asi ndiro zvekare rine runganombiri makatorwa tsika nehunhu hwekuumba urongwa hwekurwira nyika. MuHarare neBhururwayo, misha yaigara vatema nguva yeupambevhu iyo yainzi marukisheni kana mataundishipi, maiva nzvimbo dzaipisa nehasha dzekurwira rusununguko hwenyika. MunaChikunguru 1960 pakasungwa vatungamiri vebato reUtongi hweVeruzhinji muNyika, vatsigiri vebato iri vakachema kunaNehanda kuti vaburitswe mutirongo sezvatioona murumbo runonzi “Rangariraiwo shamwari dzedu”. Rumbo urwu rwakaimbwa nechimwe chikwata

chevaimbi vemurokeshi vaiva nemukurumbira zvikuru. Mamwe emashoko ari murumbo umu anoti:

Rangariraiwo shamwari dzedu dzinodikanwa,
Zuva riya rekutambudika
Apo vatungamiri vose vebato revatema vakasungwa
Kutambudzika vakasangana nako

.....

Nehanda timirire

Kuti isu tigosunungurwa (Ranger, 1982; ona zvekare Turino, 2000).

Zvinoonekwa kuti rumbo urwu ruri mumatsimba amwe chete nedetembo riya ratamboongorora, “Nehanda Nyakasikana” edindingira rekuchema kuna Nehanda, semudzimu mukuru wenyika kuti vanhu vasunungurwe kubva muupambevhu. Ndiko saka mudetembo iri Mutswairo achinyora kuti ‘Mweya unoera’ kutsanangura mweya waNehanda.

Kambo kechinyakare kemhando yemhiramidzimu, “Isu nemidzimu yedu”, kanotaura zvekare nezvaNehanda neimwe midzimu mukuru yakapiwa zvinzvimbo zvekuva midzimu yenyika yakaita saChaminuka naKaguvi. Rumbo urwu runoti:

Mushauro: Isu nemidzimu yedu takabatana muno muZimbabwe!

Vabvumiri: Takabatana!

Mushauri: Nehanda naChaminuka takabatana muno muZimbabwe!

Vabvumiri: Takabatana!

Rumwe rumbo rwechinyakare, “Mudzimu woye”, runotaura nezvaNehanda rwakahwanda. Rumbo urwu kuchema kukuru kwevanhu kumidzimu yenyika kuti ipindire muupenyu hwavo ivasunungure mukutambudzwa kwavo nevapambevhu, ivachengete nekutungamira magorira muhondo yavari kurwisa vachena. Rumwe rumbo zvekare runochema kumudzimu kuti vanhu nevarwi verusununguko vachenetedzwe ndi “Chengeta vana vanogara musango”. Urwu rumbo rwaiimbwa pamapungwe rune mashoko andasarudza mashoma anoti:

Mushauri: Mbuya Nehanda, Mbuya Nehanda, Mbuya Nehanda!

Vabvumiri: Chengeta vana vanogara musango chimurenga!

Mushauri: Mbuya Nehanda, Mbuya Nehanda vana tatambura!

Runoendera mberi ruchichema kuna Chaminuka zvekare, umwe mudzimu mukuru wenyika. “Uyai titambe ngoma” nderumwe zvekare rumbo rwechinyakare.

Mushauri: Nehanda wakafa uyai titambe ngoma yababa

Vabvumiri: Uyai titambe

Mushauri: Mapfupa akamuka uyai titambe ngoma yababa

Vabvumiri: Uyai titambe

Rumbo urwu nderwokumutsa mweya wechimurenga sezvo ruchitaura nezvekuurawa kwaNehanda. Mazwi anoti, ‘uyai titambe ngoma yababa’ akaimbwa nechibhende achireva kumuka kwehondo yechimurenga. Hondo sengoma yababa kureva hondo yechimurenga yakatambudzwa vanhu nemadzibaba avo senhaka iyo yavanorwa kana vodzvanyirirwa nemabvakure. Rumbo zvekare runokurudzira batano yevanhu vose, vabereki, varwi nevatungamiri veurongwa hwekurwira nyika, kuti vamwe nechisungo chimwe chete chinokurudzirwa naNehanda kuti vabudirire muurongwa hwavo. Mazwi aNehanda ekuti ‘Mapfupa angu achamuka’ tinoaona

achiimbwa zvekare murumbo urwo apo panonzi 'Mapfuppa akamuka...'. Kumuka kwemapfupa zvinoreva hondo yechimurenga yakanga yorwiwa nevatema sekuporofitwa kwazvakanga zvaitwa naNehanda mugore ra1898. Zvekare rumbo urwu iyeuchidzo yenguva nenguva yechikonzero chakaurairwa Nehanda uye nechiporofiti chake chekumuka kwemapfupa ake.

Nziyo idzi dzechinyakare dzemhira midzimu dzinoratidza zvekare kuti, kuburikidza negambakadzi Nehanda, hondo yeChimurenga chePiri yakakurudzira kumutsiridzwa kwezivo yechinamoto chevatema muvanhu. Nehanda "aivenga chinhu chose chevarungu" (Lan, 1985, s. 4) uye sezvazvaratidzwa nehomwe yake Charwe mumatare edzimhosva evapambevhu, homwe yake panguva ino yeChimurenga Chepiri, Kunzaruwa, akanga aine tsika imwe chete yekuvenga vapambevhu. Ndicho chikonzero nei akabvuma kutakurwa kuenda kuChifombo, kuMozambique, kunobatsira varwi verusununguko. Asi rumbo rwakanyanyomutsa Nehanda kuti zita rake risarova uye rive nemukurumbira zvakanyanya nderekwaya yeZANLA runonzi "Tora gidi uzvitonge". Rwakawedzera zvakanyanya mukuumbwa, kwakakosha kusingabvi mundangariro uye kusingaparari, kwaNehanda semucherechedzo wekurwisa upambevhu. Pakawana nyika rusununguko rumbo urwu rwakazoiswa mumagitare neBhendi reHarare Mambos. Urwu rumbo rune dindigira rekukosha kurudziro yaNehanda kune vechidiki kuti vajoine hondo yechimurenga sezvatamboona zvichitaurwa kumashure nemagorira Mayor Urimbo naJoshiah Tungamirai. Rimwe dindigira kupembedza hondo yechimurenga yakatekeshera nenyika yose nekuda kweteera mashoko aNehanda ekuti, 'Tora gidi uzvitonge'. Sezvakaitika muhondo, tinoona murumbo urwu vechidiki vachiita nhangemutange kuenda kuhondo sezvinorehwa mumitsetse yesitanza yepiri murumbo urwu.

Mbuya Nehanda kufa vachitaura shuwa
Kuti "Zvino ndofira inyika ino."
Shoko rimwe ravakatiudza,
"Tora gidi uzvitonge."



Wasara kuhondo
Shuwa here,
Tomhanya-mhanya nemasabhu
Totora anti-air
"Tora gidi uzvitonge"

Kusimudzirwa kwaNehanda kuva pachigaro chemudzimu mukuru wenyika kunoratidzwazve murumbo rwaZex Manatsa hwaakaburitsa muna1976 runonzi "Musango mune hangaiwa".

Mushauri: Musango umo mune hangaiwa

Vabvumiri: Ichokwadi baba

Mushauri:
dzakatetereka

Hangaiwa

Vabvumiri: Tiyamurei baba

Mushauri: Hangaiwa idzo ndenzemudzimu

Vabvumiri: Ichokwad baba

Mushauri: Mukadziona musadzibate

Vabvumiri: Tiyamurei baba

Mushauri: Tangai maenda kuna
Mbuya Nehanda
Vabvumiri: Ichokwadi baba

Mushauri: Mhondoro huru yenyika
ino

Tinoona murumbo urwu achinzi 'mhondoro huru yenyika ino'. Sekuimba kwaiitwa nevaimbi vemabhendi vaiva munyika panguva yehondo yechimurenga, vaibhendekera mumamazwi ekuiimba kwavo kuti vasasungwa uye nekuita kuti nziyo dzavo dzisabhanwe. Asi vateereri vechitema vaiziva kuti chibhende ichi chairevei sezvatamboona mukunyora kwaMutswairo munovhero rake Feso, achishandisa zita rekuti 'Pfumojena' kureva vachena. Pongweni (1982) anopa pfungwa yekuti kuisa mazwi kamafurashi kuburikidza nemucheredzo wemutauro wakahwanda zvaiita kuti vapambevhu vatadze kupatsanura dindingira rakavanzika riri dzimbo idzi asi kuvanhu dingingira iri richizikanwa (s. 65). Nekudaro rumbo rwaManatsa urwu haruna kubhanwa, hwakaramba ruchiridzwa paNhepfenyuro yeRhodesia. Vatengesi kana vaturikiri mumatare edzimhosva nekunhepfenyuro ndivo chete vaiti vakaziva kuti zvinorevei, ndivo vaizoudza musoro wakavanzika wenyaya werumbo. Naizvozvo Manatsa anoimba achishandisa izwi rekuti 'hangaiwa' kureva vanamukoma vaiva musango vachirwa hondo. Anoti hangaiwa idzi dzisabatwe nekuti 'ndenzemudzimu' uye i'hangaiwa dzakatetereka' nemasango. Musango ndimo magorira airwa hondo achiita zvekuhwanda nekuvandira masoja aSmith vachipinda nemurukato, mumapako, nemumabvokocho mavasingaonekwi sezvinongoita hangaiwa dzemusango. Hangaiwa dzinondonda dzichipinda nemuusa nemumatenhere dzonyangarika. Vairehwa kuti 'musadzibate' ndivo vatengesi vaikwenyera vasoja eRhodesia mafambiro anenge aitwa naanamukoma. Vatengesi ava zvose nemasoja aSmith vaifanira kuziva kuti kuvabata kutyora muko wenyika nekuti vanamukoma vaiva mapfupa emudzimu mukuru unoera wenyika, iye Nehanda. Ndiko kusaka muimbi achiti vanoda kudzibata hangaiwa idzi vanofanira kutanga vaenda kuna iye Nehanda kuti vanzwe kuti anoti kudii maringe nezvavari kuda kuita. Kareko vavhimi vakanga vasingangopindi musangano anoera chipende-pinde, vaitotanga vadeketa kumudzimu kuti vapiwe mvumo yekupinda vachivhimamo. Ko aya masoja aSmith vaizoitirei tsika yekupinda mumasango anoera vachitsvaga magandanga vasina kupiwa mvumo naNehanda? Masango misha yemhondoro kungopindamo pasina mvumo hakubvumidzwe, ukuzve masoja aSmith achiuraya vanhu, kwaiva kurwa nemudzimu yenyika.

Kune nziyo dzaiimbwa mumapungwe nevarwi verusununguko nepovho dzizere nekuchema kuna Nehanda. Nziyo idzi dzaiimbwa munguva dzeusiku dzainzi mapungwe apo vanamukoma vaiunganidza vabereki nevechidiki, vanamujibha naanachimbwido, kuti vavadzidzise nezvematongerwo enyika, vavariro yehondo yechimurenga, uye nekusimbaradza sungano yavo uye vachimboita morari. Ini semunhu akanga ari muguta pakarwiwa hondo yeChimurenga Chepiri, nziyo dzemapungwe ndakazodzinza patakazoenda kunogara kumusha kwaamai vangu kwaGutu munaKubvumbi 1981. Sezvo hondo yakanga ichangopera uye vatema vavakutonga nyika, nhoroondo nedzimbo dzechimurenga dzakanga dzichitaurwa nekuimba kuchikoro. Mumakore ose ekuma1980 izvi zvakaramba zvichiitwa, zvikuru paitambwa mitambo yebhora nezvikoro zvakasiyana. Kamwe kambo kaigaroiimbwa kanonzi, "Tochemera Muchembere Wedu".

Mushauri: Mbuya Nehanda vakatitaurira,
Komuredhi Baba Mugabe ndauya navo!
Vabvumiri: Muchembere Mbuya Nehanda,
Komuredhi Baba Mugabe ndauya navo!

Kambo aka ako kaipembera kuwana rusununguko, kanodudza pachena kuti izvi zvakaitwa nekuda kwaMbuya Nehanda avo vakapa kunyika VaMugabe kuti vatonge nyika. Sekumbotaura mushure kwavakaita kuti 'Mapfupa angu achamuka' uye kuti 'Tora gidi uzvitonge', iye zvino Zimbabwe yasununguka vakanga votaure kuti 'Komuredhi Baba Mugabe ndauya navo!' Kuvanhw izvi zvairatidza kuti Mbuya Nehanda havanyepi, muromo wavo hauwiri pasi. Vaitaura chokwadi nokuti mudzimu mukuru. Murumbo urwu tinoona zvekare kuti Mbuya Nehanda ndivo vanoshandiswa kuratidza kuvanhw kuti vatungamiri veurongwa hwekusunungura nyika ndivo vechokwadi vanofanira kutonga nyika. Mutungamiri wekutanga wenyika itsva yeZimbabwe ari kunzi murumbo urwu akaunzwa naMbuya Nehanda. Kune mifananidzo yakawanda yaiiswa panhumbi dzekupfeka yairatidza musoro waMugabe uri pamusoro peMasvingo eZimbabwe, asi pamusoro pake pane mufananidzo waMbuya Nehanda. Sekutsangura kwaLan (1985) mufananidzo uyu unoreva kuti Nehanda akapa Mugabe masimba evadzimu venyika (s. 208).

Kunyangwe zvazvo runganombiri rwaNehanda hwaishandiswa zvakanakakurwira rusununguko rwenyika, rumbo urwu runotiratidza kushandiswa kwerunganombiri urwu kuti bato reMubatanidzwa weVatema veNyika yeZimbabwe ndiro chete rine kodzero nehunhu chahw hwekutonga nyika. Mubato iri hutungamiri hwaMugabe hwakatorwa sechinhu chimire pauchokwadi, chisingapikiswi kana kukwikwidzwa nekuti, sezvazvinotaura murumbo urwu, hutungamiri hwake akahutambidzwa naMbuya Nehanda nevadzimu venyika. Seutongi hwemadzishe, anotofanira kutonga kusvika afa. Mugabe akatonga kwemakore makumi matatu nemanonwe kusvika mauto azoti zvakwana, ndokumubvisa pachigaro muna2017, mushure memakore maviri ndokubva ashaya. Avo vaitaura kuti ngaachibva pachigaro dzaiva nhengo dzebato rake, vaipedzisira vashorwa nekubviswa pazvigaro zvepamusoro mubato, kwete naiye Mugabe, asi nedzimwe nhengo dzebato idzo dzainetseka kuti pangava here nemumwe mutungamiri angatungamira Zimbabwe kudarika Mugabe. Mugore ra1994, imwe nhengo yeparamende yebato raMugabe uye ari gavhena wepurovhinzi yeMasvingo, Dzikamai Mavhaire, akati muparamende "Mugabe anofanira kuchibva!" Asi kutaure uku kwakamupandukira; akashorwa pamwe nekunyadziswa kuburikidza nekubviswa pachigaro. Kuzoti mapato anopikisa hatingatauri, zvikuru-kuru Sangano reShanduko yeUtongi hweRuzhinji (*Movement for Democratic Change - MDC*). Mutungamiri waro, Morgan Tsvangirai, nevose vaitsigira bato rake vakataurirwa nematic enyika muna2002, ayo aitungamirirwa naVitalis Zvinavashe kuti:

Tinoda kunyatsozvijekesa kuzvizvarwa zvose zveZimbabwe isu semauto tichamira tichitsigira chete avo vatongi venyika vachatevedzera hunhu, tsika nezvitendero zveZimbabwe izvo zviuru zveupenyu hwevanhw zvakafira... . Ngazvizikanwe kuti hofisi yepamusoro munyika yakamanikana, chigaro chayo chinogarwa nemunhu anotarisirwa kuchengetedza zvinangwa zvehondo yerusununguko. Naizvozvo hatizobvume kutsigira kana kusaruta munhu upi zvake ane ajenda inokanganisa kuvapo kwekodzero yenyika yekuzvitonga... ." (Rukuni, 2013).

Iye Mugabe aituka Tsvangirai, kuita wekunonota achimuti aiva dzimati, dofo rakanga rafoira chikoro iro raida kutonga rakabereka maBhiritishi. Aenzi aiva mutengesesi mukuru wenyika. Sezvatichanoona pamberi apo vavariro yaTsvangirai nebato rake yekudzorera varungu minda yavakanga vatorerwa muhondo yeChimurenga Tatu, ndiyo yakanyanyoita kuti vatsigiri vaMugabe nebato rake vati Tsvangirai haangatongi nyika nekuti zvaaida kuita zvaipikisana nenhorondo

yaNehanda neimwe midzimu mikuru yekurwira ivhu. Mugabe akati Tsvangirai aida kudududzisa chimurenga. Munguva yekukambenera sarudzo dzegore ra2008, Mugabe akataurira vanhu kuBhuruwayo uko kwaiva nevatsigiri vakawanda sangano reTsvangirai kuti kunyangwe vakamuvhotera Tsvangirai, haafe akaitonga nyika yeZimbabwe. Kana tichitarisa nhorooondo neshuviro yaNehanda kunyika yeZimbabwe, Tsvangirai neSangano rake reUtongi hweRuzhinji vakanga vasingapembedzwi netsika, nhorooondo nechinamato chevatema munyika kunyangwe vaikwanisa kuhwinha musarudzo isina zvekubiridzira.

Sezvandichakurukura pamberi apo, kupiwa kwevanhu minda nehurumende yaMugabe pasina muripo munguva yeChimurenga Chetatu kwaita kuti vazhihi vatore Mugabe saiye mutungamiri chete anokwanisa kumira achirwisana neurongwa hwaTsvangirai nevatsigiri vake vechichena hwekurivhesa kugobwa kweivhu achiri dzorera kuvarimi vechichena. Kubva nguva yeChimurenga Chepiri nenguva iyo ivhu ratorwa kutanga gore ra2000, pane dzimbo dzemukumbira dzakatsikiswa kupemberera utongi hwaMugabe pamwe nekuti ndiye anogona kutonga chete. Eliot Manyika akaburitsa kambo kake kanonzi “VaMugabe chete!” muna2002, ukuwo Mbare Chimurenga Kwaya ikaburitsa kayo, “Nyatsoteera”. Musoro wenyaya yerumbo rwekutanga uri pachena; Mugabe chete ndiye anofanira kutonga. Kamwe kambo kakaburitswa zvekare neMbare Chimurenga Kwaya kanonzi “Vanogona” kaitsigira zvekare pfungwa yekuti hakuna mumwe anogona kutonga kudarika Mugabe (Musiyiwa, 2013). Aka “Nyatsoteera” kakanga kachitsoropodza nekusveverera vose vaiva mubato raTsvangirai neamwe mapato anopikisa vaifunga kuti vangatorera Mugabe chigaro vakatonga nyika ino. Saka vainzi vanyoteerera vazive kuti ‘muhofisi muna Bhobho’, Bhobho richiva zita raMugabe remadunhurirwa. Zvechokwadiwo munguva iyoyi yekutorwa kweivhu Mugabe akamira-mira achiratidza unyanzvi hwake hwekutaure mumisangano yeMubatanidzwa weNyika Dzose, yeMubatanidzwa weNyika dzemuAfrika, yeMutanidzwa weNyika dzekuChamhembe kweAfrika neimwe yakawanda, umo nyika dzinoita hurukuro pane nyaya dzinobata pasi rino. Mugabe ainyomba kutanga iyo Bhiriteni nemutangamiri wayo Tony Blair, otevera Amerika nedzose nyika dzekuYuropu dzakanga dzatemera Zimbabwe zvirango zveupfumi nezvekuwadzana kwenyika. Nyika zhinji dzemuAfrika neEzhiya dzakamutora semutangamiri asingatye uye aimirira nyika dzakawanda kutsoropodza upambenyika, udyire hwenyika dzekumadokero pamwe neudzvanyiriri pasi rose. Uku vatsigiri vake vaiti akapiwa masimba ekutonga nemidzimu mukuru yenyika, vamwe vakanga vachiona kutonga kwake neziso rechiKristu; voti Mugabe ndiMhozisi, uyo akatumwa naMwari kunodzikinura vaZiraire kubva muunhapwa hwaFarao achienda navo Kenani, nyika yechipikirwa. Vaine muono webhaibheri, vaitora upambevhu seunhapwa hweIjipita umo Mugabe akatungamira kuburitsa vanhu vake kuvandesa kuZimbabwe yakasununguka kana kuti Kenani, umo akazadzikisa chishuvo chaNehanda chekudzorera vanhu ivhu, nhaka yemadzitateguru avo. Vamwe vakaita senhengo yeMubatanidzwa weVatema veNyika yeZimbabwe muparande, Tony Gara, akazonyanyoenderera mberi ofananidza Mugabe naKristu, zvichinzi nekupa vanhu ivhu kwaakanga aita, aiva musununguri (Thornycroft, 2002).

Gambakadzi Nehanda neChimurenga Chetatu

Zvekumutsiridzwa kwenhorooondo dzaNehanda zvakamboti dzikei mumakore ekuma1990. Munguva iyi hurumende yaMugabe yakanga yatora urongwa hweupfumi hwayaipiwa mari nemabhanga yeIMF neBhanga rePasi Rose, uhwo hwaisungirwa kudzikisa uwandu hwevashandi vehurumende, kuregera kubatsira veruzhinji mukurapwa pachena kuzvipatara, kubvisa urongwa hwekupinza vana chikoro pachena, kurega kudzivirira makambani emunyika kukwikwidzwa neekunze nezvimwe zvainzi

ndiko kuti upfumi hwenyika huvandudzwe hurumende igowana mari yekudzorera zvikereti zvayakapiwa nemabhanga aya. Kusandura upfumi hwenyika uku kwakaunza ngwavaira munyika vashandi vehurumende vachimiswa mabasa ukuwo makambani achivhara sezvo akanga asisina kudzivirirwa mukukwikwidzana neekunze ayo mazhinji anova enyika dzekumadokero. Makambani aimisawo vashandi mabasa sezvo akanga asingachaiti porofiti. Ndimu mungwavaira makakwanisa Sangano rezveUtongi hweRuzhinji kudyara mbeu yaro yechinja sezvo vashandi vakanga vogara vachinyunyuta nekuramwa mabasa vachichemera kuwedzedzerwa mari. Muna1999 sangano rinopikisa iri rakaparurwa. Munyika yakanga yangova 'Chinja!', 'Ndizvo!', masirogani esangano reMDC, uku zvipfeko zvavo zvitsvuku zvotsvukisa pese.

Musarudzo dzereferendamu yakaitwa munaKukadzi 2000 yekusandura bumbiro remutemo wenyika, bato reMDC neamwe masangano airamba kuti 'Kwete!' havadi kuti bumbiro remutemo risandurwe semasandurwo aidiwa nesangano reMubatanidzwa weVatema veNyika yeZimbabwe vakahwina. Pedzezvo musarudzo dzeparamende dzakaitwa munaChikumi 2000, MDC yakatora zvigaro 57 kubva mu120 zvaikwikwidzwa muparamende. Rutsigiro rweMDC rwakashamisa hurumende yaMugabe kuti zvino masimba otorwa here nevapikisi, avo vakanga vachitsigirwa nemaBhiritishi ayo nezuro akanga akambopamba Zimbabwe? Zvekare kuti vapikisi vakanga vasingadi kuti ivhu, iro rakanga rava kutorerwa varimi vechichena pakaruza sangano reMubatanidzwa weVatema veNyika yeZimbabwe riferendamu ya2000, ritorwe kudzorera vatema. Kutu ridzore rutsigiro rwaro kuvanhu, sangano reMubatanidzwa weVatema veNyika yeZimbabwe rakadzokera kuzvinangwa zveChimurenga Chepiri, chikuru chacho chaidiwa naNehanda neamwe masvikiro kuri kudzorera vatema ivhu ramadzitateguru avo. Nokudaro, vabereki, vechidiki, vaiva vanamukoma, mujibha naanachimbwido muhondo yeChimurenga Chepiri vakakokorodzwa kunotorwa mapurazi avachena kwese-kwese munyika. Urongwa uhu hwakabva hwatumidzwa nehurumende kuti Chimurenga Chetatu. Chakanzi chimurenga ichi ndechepfumi nekuti upfumi hwese hunobva muvhu. Mumashoko ehurumende yaMugabe, muna1980 nyika yakanga yakawana sununguko yezvematongerwo enyika kwete sununguko mune zveupfumi. Saka vanhu vaifanira kutora ivhu kuti vawane rusununguko nebudiriro mune zveupfumi. 'Ivhu ndihwo upfumi, upfumi ndihwo ivhu!', 'Ivhu ndiwo magari kwa edu,' '100 pesendi kuvandudzwa mune zveupfumi!', ndiwo aiva amwe masirogani ehurumende.

Urongwa hwekurwira nyika hunobva mutsika nenhorroondo dzenyika hwakamboitwa kutanga kuma1950, hwakamutsiridzwa zvekare. Varwi veZANLA neZIPRA vaiimba dzimbo dzechimurenga munguva yehondo vakaita saKomuredhi Chinx naMarko Sibanda vakapiwa rutsigiro nehurumende kuti vamutsiridze kuimba nziyo dzechimurenga dzavaiimba kuhondo. Vakatsikisa madambarefu maviri anoti, Hondo yeMinda Vhorumu 1 neVhorumu 2. Vaimbi ava nevamwe vakawanda uye nemakwaya akavambwa akawanda, sezvandambotaura shure, akatanga kutsikisa dziyo dzechimurenga. Naizvozvo, zita raMbuya Nehanda rakatanga kumutsiridzwa zvekare kusanganisira mashoko ake aya anoti 'Mapfupa angu achamuka' na'Tora digi uzvitonge!'

Zvakakosha kuziva kuti kusatorwa kweivhu chinhu chakashungurudza sangano reMubatanidzwa weVatema veNyika yeZimbabwe nokuti kana raizorura masimba, vanhu vaizoritsoropodza kuti sei rakanga ratanga Chimurenga Chepiri icho chakaurayisa varwi nevabereki vakawanda. Nyika hayaizowana kugadzikana kana ivhu rainge risina kutorwa. Kutora ivhu kwakapawo mukana kusangano iri kuti rirambe richitonga, saka urongwa hwekutora ivhu nechimbichimbi hwakaparurwa nehurumende. Sangano rezveUtongi hweRuzhinji iro raitsigirwa zvakasimba nemaBhiritishi, raivhundutsira zvine simba kutora utongi hwenyika nekuda

kwerutsigiro rwaro hwakanga hwokura. Ukuwo sangano reMubatanidzwa weVatema muNyika yeZimbabwe rakaona kuti raramo yaro mune zvevatongerwo enyika yasara mukumutsa nhorooondo yezvekurwira rusununguko iyo inopembedza Nehanda neimwe midzimu mikuru yenyika, iyo ine homwe dzakamborwisana nevapambevhu kuma1890. Mupepeti webepanhau re*Herald* remusi wa11 Nyamavhuvu 2001, akanyora pfungwa iyi asingabhendi-bhendi achiti: “Rimwe remagamba edu makuru, Ambuya Nehanda rakati, Mapfupa angu achamuka. Naizvozvo, hamuzomboiti runyararo munyika ino kana ivhu rikasadzorera kuvaridzi varo” (Chikoto, 2001, s. 10). Zvinyorwa zvine musoro wenyaya wokuti ‘Mweya waNehanda hauparare’ zvakatanga kuwanda mumapepanhau ehurumende. Somuenzaniso onai chinyorwa chaA. Matanda, “Mweya waNehanda hauparare,” chakabuda mubepanhau re*Herald* musi wa10 Kurume 2000; chaCeasar Zvayi, “Mweya waNehanda hauparare,” chakabuda mupepanhau re*Herald* remusi wa9 Nyamavhuvhu 2004 uyezve nechaArthur Gwagwa, “Mabasa aNehanda hauparare,” chakabudiswa ne*Saturday Herald* remusi wa16 Nyamavhuvhu muna2008. Munguva imwecheteyo tinoona vanhukadzi vachitanga kudaidzira kuti vavandudzwe mune zveupfumi kuburikidza nekupiwa minda vachikohomedza pfungwa iyi nekutsigira nebasa rakaitwa nemunhukadzi akaita saNehanda mukusunungura nyika.

Nyaya yevhu muZimbabwe iri mutsika, raramo nenhorooondo yevobwo. Ivhu navo chinhu chimwe chete, ndimo mune madzitateguru avo, ndimo mune huvhute dzavo, ndimo mune upfumi hwavo, ivhu mucherechedzo wezvose kwavari. Ivhu ndimai nababa, ndisekuru naambuya. Ndicho chokonzero nei muShona achinzi ‘mwana wevhu’ nekuti hapana mutsauko pakati pake neivhu. Kumubvisa pavhu rake sezvaakaitwa neMabhiritishi kutanga kuma1890 kuuraya, kufonyora nekupoizena tsika, upenyu, nhorooondo, chinamoto neugaro hwake. Sezvatamboona pashure zvichiitwa nevarwi verusununguko nevatungamiri veurongwa hwekurwira nyika mukutanga Chimurenga Chepiri, vachimutsidzira tsika nenhorooondo dzevatema kudzishandisa sechombo chekukurudzira nekubatanidza vatema kuti vamukire vapambevhu, tinoona zvekare zvichidzokorwa muna2000. Sangano reMubatanidzwa weVatema muZimbabwe parakaona kuti raruza riferendamu, nhengo dzaro dzakanga dzotya kuruza zvekare sarudzo dzeparamende idzo dzaitwa mugore rimwe ra2000. Hurongwa hwelsapu hwainzi ndehwekuvandudzwa kwezveupfumi, uhwo hwakanga hwakonzera ngwavaira muvanhu sezvatamboona, hwakabva hwakandwa pasi nechimbichimbi. Ukuwo sangano iri richikwezvera vanhu kwariri richishandisa tsika nenhorooondo dzaanaMbuya Nehanda, uku Mabhirishishi nevarungu vachinonotwa zuva nezuva mumapenhau, madzangaradzimu nezvivhitivhiti zvehurumende. Kambo kekwaya yeZANLA, “Hondo maiona”, kanova pfupiso yenhoroondo yekuuya kwevaurungu muZimbabwe, kurwisa vatema nekuvatorera ivhu ravo nekumukirwa kwavakaitwa muhondo dzechimurenga nevatema, kaigoridzwa pachizvitivhiti, marhedhiyo ehurumende pamwe nemisangano yebato reMubatanidzwa weVatema muZimbabwe nenhemberero dzemazuva emazororo eIndipendenzi neMagamba uye ekurangerira vamwe vatungamiri vakuru veurongwa hwekurwira nyika. Mhemberero dzemimhanzi dzekurangerira Simon Muzenda dzainzi ‘Mzee Bira’, dzokurangerira Joshua Nkomo dzichinzi ‘Gara reMudhara Wedu’ (*Umdala Wethu Gala*, neChiNdevere). Panewo dzekurangerira chibvumirano chekubatana kweSangano reMubatanidzwa weVatema muZimbabwe neSangano reMubatanidzwa weVanhu muZimbabwe chaikaitwa mun1987, idzo dzaidaidzwa kunzi ‘Gara reKubatana’ (*Unity Gala*). Mabheni nemakwaya vaikokorodzwa kuzoridza nekuimba vaisanganisira vaimbi vemisambo yose inoti, ‘chimurenga, sungura, mbira, chitendero, zimudhanzihoro, neimwe. Hapana aidaidzwa achinzwa pamitambo iyi. Umwe zvakare wakaitwa mugore ra2004 wainzi “Mutambo weKubatana kweZimbabwe

neMozambuique” mukurwira rusununguko. Waironda matsimba ekurwira rusununguko rwenyika wakaitwa paChimoio kuMozambuique apo paiva nebhesi reZANLA.

Vechidiki vazhinji vakafarira mitambo iyi vakavamba mabhendi nemakwaya kuburikidza nekupiwa mukana weimba pamitambo iyi pamwe nekuridzwa kwedzimbo dzavo pamarhedhiyo nechivhitivhiti chehurumende. Sezvo Sangano reUtongi hweRuzhinji rakanga richitsigirwa zvakananyanya nevechidiki, Sangano reMubatanidzwa weVatema muZimbabwe raivatsoropodza richiti vakanga vasingazivi nhorooondo yekurwira nyika, naizvozvo vakanga vachishandiswa neSangano reUtongi hweRuzhinji kuti vatengese nyika. Saka vaifanira kudzorwa kuti vazive kuoma nekurwadza kwehondo yechimurenga. Muimbi wechidiki akaita saLast Chiyangwa uyo aiva nezita remadunhurirwa remudariro rekuti Tambaoga, akaita mukumbira nekambo kake kekushambadzira Chimurenga Chetatu chainzi “Rambai makashinga”. Ushingi hwairehwa ndihwo hwaanaMbuya Nehanda, Sekuru Kaguvi veChimurenga Chekutanga uyezve nehwevarwi verusununguko nevabereki muChimurenga Chepiri uhwo hwaifanira kutambirwawo nevana vakazvarwa nyika yasununguka. Sezvo mugore ra2001 Amerika yakatemera Zimbabwe zvirango zveupfumi zvekare nyika dzeMubatanidzwa weYurophu dzikaita zvimwechetezvo, munyika upfumi hwakatanga kuparara vanhu vakatambudzika zvikuru. Kambo aka kaikurudzira kuti vanhu vasadududze, asi varambe vakatsungarara kmkuminya musuva wakadaro, sezvo chakakosha kwaiva kutora ivhu ravo.

Mitambo iyi yakapa bato reMubatanidzwa weVatema muZimbabwe nzira ine uchenjeri yekukwezva vanhu kuti vaitsigire nezvechirongwa charo chekutora ivhu izvi zvichiita kuti irambe ichitonga. Ndlovu-Gatsheni naWillems (2009) vanotsigira pfungwa iyi vachiti kunyangwe “tsika dzepasichigare dzakaita basa guru kwazvo munguva yekurwira rusunguko mumakore ekuma1960 ne1970 kuburikidza nekupa varwi verusununguko tendero yekuti vatore nyika, tsika nenhorooondo dzeukurwira nyika munguva yakatevera dzakazatora basa rakakosha musangano reZANU-PF. Basa rekumutsa patsva urongwa hwekurwira nyika kuchishandiswa nhorooondo netsika dzevatema mukutanga kwemakore ekuma2000, uhwo hwakanga hwakanangana nekupa huchokwadi hwebato riri kutonga kuti rirambe richitonga Zimbabwe. ... Kunyangwe zvazvo ivhu rakanga riri chinhu chakakosha mukurwira masimba kweZANU-PF, nhorooondo nendangariro dzezvehondo yerusununguko zvakaratiidzawo kuti zvinhu zvakanosha kuti zvisandiswe mukuvandudza vavariro yezvematongerwo enyika eZANU-PF” (s. 963).

Zvirango zveupfumi nengwavaira munyika

Kunyangwe zvazvo ivhu rakatorwa kubva kuvapambevhu vairida vakapiwa, munyika zvinhu hazvina kuzomira zvakanaka; pakava nematambudziko makuru mune zvmatongerwo neupfumi hwenyika. Kurima, kunova bandi guru rezveupfumi hwenyika, kwakavhiringidzwa chikafu chikashomeka munyika. Mumatomngerwo enyika makanga mava nekurwisana kukuru pavatsigiri vebato raitonga nemapato evapikisi. Uchitungamirwa neBhiriteni, Mubatanidzwa weNyika dzeYuropi dzakatemera Zimbabwe zvirango zeupfumi zvawaiti hazvisi zvenyika yose asi ndehwedungamunhu. Vazhinji vebato reMubatanidzwa weVatema Munyika yeZimbabwe kusanganisira Mugabe nemudzimai wake Grace, amwe makorokota ehurumende, uto renyika, amwe makambani pamwe nevatapi venhau vemapepanhau ehurumende vakatemerwa zvirango izvi. Vakanzi havachatsika rutsoka kunyika dzeYurophu neAmerika. Sezvandambotaura, Amerika yakatemera Zimbabwe zvirango zveupfumi nematongerwo enyika hwaiva pasi pemutemo wainzi Kununura Zimbabwe muUtongi hweRuzhinji neUpfumi. Mutemo uyu waisungira makambani ekuAmerika kuti asaita zvmabhizimisi nenyika yeZimbabwe. Dhirauti rakawedzerawo kuoma

kwezvinhu chikafu chikatanga kutaira munyika. Zimbabwe iyo yaimbonzi yaiva dengu rechikafu chenyika dzekuchamhembe kweAfrika, yakasvika pakusunza. Zveutano nedzidzo zvakati pasi ngwanda-ngwanda. Kuzvipatara mishonga yaibvepi iyo hurumende isina mari yekuitenga? Ndiyo nguva varwara neshuramatongo vakafa mishonga yavo ichishaika. Madhokotera naanamukoti vakanga votiza vachienda Bhiriteni nedzimwe nyika dzekumadokero pamwe nedzakavakidzana neZimbabwe kundotsvaga mafuro manyoro. Makambani akatanga kutadza kugadzira zvakakosha munyika, zvikuru zvekudya zvakakosha - upfu, mafuta, shuga, mukaka, nechingwa. Mafuta edzimotikari akaoma, mafuta akatanga kutengeswa pamusika mutema. Kuzvikoro kwakanga kwava kungoendawo kusina kudzidza kune chimiro; vadzidzisi vazhinji vakatanga kusiya mabasa kuenda kunotsvaga mabasa kunze kwenyika. Izvi zvaitika kuvashandi vazhinji vaiva vehurumende nevehikamu chisiri pasi pehurumende. Mari yenyika yakanga isisina uremu, ichingodonha zuva nezuva, isisakwanisi kutenga zvine musoro; uku zvinotegwa zvacho muzvitoro masherefu akashama. Mari yakatanga kugadzirwa iri muzviuri zvemazana, mamiriyoni, mabhiriyoni nematiririyoni, asi chaitenga chine kumeso pasina.

Kutatadzurana mune zvematongerwo enyika kwakaitika zvakaomarara muerekisheni eparamende neriferendamu muna2000, maerekisheni emutungamiri wenyika muna2002, nemaerekisheni eparamende muna2005 ayo aibatandiza eparamende nemutungamiri wenyika. Kunyangwe zvazvo ropa raideurwa nekupisirwa dzimba munguva yesarudzo idzi, sarudzo dzemuna2008 ndidzo dzakaita mhirizhonga yematongerwo enyika yakanyanyisa kuitika munyika kukaparadzwa misha nekudeurwa kweropa. Mumhirizhonga yose iyi bato raitonga raikakatira kunaNehanda nenhorondo yechimurenga ukuwo bato reUtongi hweRuzhinji richikakatira kuvapambevhu. Saka ropa haraitadza kudeuka sekudeuka kwarakamboita muChimurenga Chekutanga neChimurenga Chipiri. Kunyagwe zvazvo munaGunyana 2008 bato reMubatanidzwa weVatema muNyika yeZimbabwe neBato reUtongi hweRuzhinji iro rakanga rapatsuka kuva maviri, vakasainira Chibvumiro Chikuru chezveMatongerwo eNyika kuti paumbwe hurumende yemubatanidzwa, kukuvadza nyika kwakanga kwatoitwa nechekare kuburikidza nekutora ivhu, masangisheni pamwe nekurwisana. Nazvino kukanganiswa kwenyika muupfumi nematongerwo ayo hakusati kwagadziriswa zvizere. Budiriro yenyika ichiri munjodzi. Tinoona kuti kumutsiridzwa zvine masimba nehasha kwegambakadzi Nehanda, iro raiva nevavairo yekurwira nekutora ivhu pamwe nekutandanisa vapambevhu, kwakaisa nyika pamhesano dzenzira. Kurega kutora ivhu kwaiva kupandukira iye Nehanda nevarwi vakafa muChimurenga Chekutanga neChimurenga Chipiri nekurega vatema vari kuganhu hweupfumi hwenyika, ukuwo kutora ivhu kwakakonzera ngwavaira muupfumi nematongerwo enyika. Ndimu muzipenhuwe maringe nekumutsa Nehanda nyika iri, umo Gwagwa (2008) anotsangura sekumira panosangana nzira mbiri apo, ipi ichasarudzwa inotova nematambudziko ayo; "Senyika tiri pamharadzano. Tinokwanisa kuparadza zvachose kana kuchengetedza zvachose nhaka yake [Nehanda] asi nzira ipi yatasarudza ine muripo wekubhadhara" (s. 10).

Zimbabwe yePiri neGambakadzi Nehanda

Pamhararano yasvika nyika ndipo hurumende yeNyika yeChipiri iri kuedza kugadzirisa kuti Zimbabwe itambirwe nenyika dzekumadokero idzo yakanga yatatadzurana nadzo muChimurenga Chetatu. Ichitanga muna2017 yakaparura hurongwa hwekugadzirisa upfumi hwenyika hwaitungamirwa nehokero yainzi "Zimbabwe yakazarura musiwo kune vemabhizimisi!" Urongwa uhu hwakanangana nekukwezva makambani ekunze, zvikuru enyika dzekumadokero dzakatemera Zimbabwe zvirango zveupfumi, kuti auye kuzovamba mabhizimisi avo munyika.

Munyaya dzezvematongerwo enyika yakavamba urongwa hwekuwadzana nenyika dzepasi rose waipfupikiswa nechirevo chinoti: “Zimbabwe ishamwari kunyika dzose uye haisi mhandu kunyika ipi zvayo”. Urongwa uhu hwaitirwa kuti mumakakatanwa anoitika pakati penyika pasi rose, isava nekwayakarerekera asi ishamwaridzane nekudyidzana nenyika dzose. Kuita uku kuchibatsira kuti vemabhizimisi vanobva kunyika dzakasiyana-siyana, kunyangwe mumakwara adzo ezvematongerwo enyika dzisinga wirirane dzakaita seChaina neAmerika, dzitengeserane neZimbabwe.

Munyika mune zveupfumi hurumende yakatanga kugadzirisa mari yenyika. Kuti iwane vemakambani ekunze vanoita mabhizimisi avo muno, yakabvisa mari yekuAmerika kuti ichirega kushandiswa asi kushandiswe mari yemuno iyo yakanga yamiswa muna2009 sezvo, sezvatamboona, yakanga isingachatenga. Danho iri harina kushanda sezvo dhora renyika rakatanga kushaya simba zvekare vemabhizimisi vachiriramba uku vanhu vorishandisa kutenga mayusa chete sezvo ariwo aidiwa mukutenga, kurapwa, kubhadhara mafizi nezvimwe zvose zvakadaro. Hurumende yakazoita zano reshandisa dhora rekuAmerika pamwe nemari itsva yakatsigirwa negoridhe inonzi zigi. Kubva payakaparurwa munaKubvumbi 2024 yakambotatarika asi iyezvino inoratidza kuti yatsiga. Vemabhizimisi vekunze vari kunyanya kubva kuChaina neRhashiya vachipinda mumabhizimisi emigodhi, ekugadzira zvinhu, kurima, kuvaka nekugadzira migwagwa, zvemoto wemagetsi, neamwe. Zvetsika nenhoroondo zvegambakadzi Nehanda hazvina kukandwa pasi nehurumende yeZimbabwe yePiri. MunaChivabvu 2021 chiumbwa chaMbuya Nehanda chakamisikidza pakasangana migwagwa Samora Machel naJulius Nyerere pakati pedhorobha reHarare. Mwedzi wakatevera mugore rimwe chetero, mufanikiso waNehanda wakaiswa pamari yebepa yamadhura makumi mashanu (50). Hurukuro dzandakaita nevanhu vakasiyana-siyana ndichibvunza nezvaNehanda dzakararatidza kuti Mbuya Nehanda ndiro gamba rinonyanyozikanwa nhasi muZimbabwe kunyangwe kwapera makore ava kusvika zana nemakumi mana. Vakarwa hondo yeChimurenga Chepiri nevanhu vakatora minda kubva kuvarimi vechichena muhondo yeChimurenga Chetatu, vanoziva nhoroondo yaNehanda pamwe nekuremekedza gambakadzi iri. Asi vemakereke emapendekosta ndivo vanoti shorei nhoroondo iyi sezvo mukunamata kwavo vachiramba kutendera kune zvemidzimu.

Mhedziso

Vavariro yechinyorwa chino yanga iri yeongororo yeuviri hune zvakakana nezvakashatira kumutsiridza gambakadzi Nehanda mune zvevatongerwo nemavakirwo enyika yeZimbabwe kutanga kuma1950 pakavambwa urongwa hwekurwira rusununguko rwenyika kusvika nhasi uno. Zvayanikwa pachena kuti nhoroondo dzenyika dzinoratidza kuti nyika inomutsiridza nekukurudzira dzimwe dzetsika yadzo idzo yadzinoona sedzakakosha mukutsanangura chimiro, vavariro nebudiriro yadzo senzira yekuvaka nyika, kudzorera zvizvarwa zvayo kuhunhu nezviga zvenyika uyezve nekuronga nyika patsva. Asi nguva zhinji kushandiswa kwetsika nenhoroondo izvi kunogoka zvose manake nemashate munyika. Kune rumwe rutivi mutsiridzo iyi inokurudzira batano nebudiriro munyika asi kune rumwezve rutivi kukonzera upatsupatsupatsu hwevanhu munyika zvichienderana nekuti vatongi venyika vamutsiridza nekushandisa sei tsika nenhoroondo dzenyika. Uviri uhu hwezipenhuwe ndihwo hwatinoona mukumutswa hwenhoroondo yegambakadzi Nehanda pamwe nekushanda nehomwe dzaro. Kuramba zvisina mubvunzo kwaNehanda kuburukidza nemabasa akaitwa nehomwe yake Charwe, iyo yakaramba kutambira chose chevarungu, kwakaisa Nehanda pamongo hwetsika, nhoroondo neshuvo yenyika yeZimbabwe zvekuti ndiye gamba rine mukurumbira wakanyanya munyika. Nhasi ndiye mucherechedzo mukuru wekurwisa upambevhu kuti nyika iwane rusununguko nebudiriro. Mashoko ake

echiporofiti ekuti, 'Mapfupa angu achamuka', akazadzikisa kuburikidza nekutangwa nefambiswa kweChimurenga Chepiri icho chaiva hondo yevatema yekurwira rusununguko rwenyika yavo pamwe nekutora ivhu. Vanakomana nevanasikana vaienda kuMozambique kunojoina hondo yechimurenga, vatenda kuti ndivo vaiva mapfupa aiye Nehanda akanga omukira vapambevhu.

Kunyangwe hondo iyi yakarwiwa kwenguva refu, vanamukoma havana kudududza; vakaramba vakatsungarara kuminya musuva wakadaro kusvika vapambevhu vati aiwa ngatichigara pasi titaaurirane. Hurukuro dzakaita kuBhiriteni kuLancaster House muna1979, dzakaunza sununguko yenyika yeZimbabwe. Rutivi urwu rwekushandiswa kwegambakadzi Nehanda tinoona rwakanaka. Asi matambudziko mune zveupfumi hwenyika kutanga mumakore ekuma1990, kwakakonzero kunyuka kwemapato anopikisa akatanga kutatatsurana nebato reMubatanidzwa weNyika yeVatema yeZimbabwe. Bato rakawana rutsigiro rwakanyanya reSangano reUtongi hweRuzhinji rapotsa ratora masimba kubva muna2000 kusvika muna2008. Kuzeza kutorerwa masimba ekutonga kwakaita kuti bato raitonga, nanhasi ndiro rinotonga, rikokorodze nekukurudzira vatsigiri varo kuti vapinde mumapurazi kutora ivhu ramadzitateguru avo. Urongwa uhu hwakava Chimurenga Chetatu. Nhorooondo dzegambakadzi Nehanda dzakamutsiridzwa zvine simba sezvadzaaitwa munguva yeChimurenga Chepiri; nenziyo, mitambo nezvinyorwa pamusoro paro zvakawanda mumapepanhau, zvivhitivhiti, mumarhedhiyo pamwe nepamisangano webato riri kutonga. Izvi zvakava mviromviro yekupatsuka nepakati kwevanhu munyika, vaitsigira bato riri kutonga nevatsigira bato raipikisa. Kubva 2000 kusvika 2008 pakaita kusundaidzana, kukweshwana, kudzvinyana nekurovana kwaisvika mukudeuka kweropa, kukuvadzana, kuremadzana nekuparadzirana mudziyo, misha nedzimba. Ndiho rumwe rutivi rwekumutsa nhorooondo yaNehanda zvekuti pakasvika gore ra2009 apo bato rinotonga neaapikisa vakasainirana chibvumirano chekuvamba hurumende yebatanidzwa nyika yakanga yava pamhararano. Izvi zvakanyanyoshatiswa nenyika dzekuYurophu, dzichipesvedzerwa neBhiriteni, idzo mubatanidzwa wadzo wakatemera Zimbabwe zvirango zveupfumi. Amerika ikati haisari, ndokutemerawo zvirango zvayo zveupfumi nematongerwo enyika. Ndiyo ngwavaira vanhu vakapinda asi uku ivhu ravo vatora. Nanhasi matambudiko ezveupfumi haasati apera kunyangwe zvazvo ava nani pane zvaaiva pakati pa2000 ne2009. Nyika yePiri iri kuedza kuvaka nyika isingarasi kana kumbokanganwa nezvenhorooondo yegambakadzi Nehanda. Izvi tinoona ichimisikidza chivakwa chikuru chaNehanda muguta reHarare pamwe nekuisa musoro wake pamari, asi uku ichikwezva nyika dzakamboitemera zvirango kuti vachiwadzana nekudyidzana semumakore Zimbabwe ichongosununguka.

Jerero

Anderson B. (2006). *Imagined Communities Reflections on the Origin and Spread of Nationalism*, Revised Edition. Verso.

Ani, M., (1994). *Yurugu: An African-Centered Critique of European Cultural Thought and Behavior*. Africa World Press.

Asante, M. 1980/2003. *Afrocentricity: The Theory of Social Change*. Buffalo; New York: Amulefi Publishing Company.

Asante, M. K. 1998. *The Afrocentric Idea*. Philadelphia: Temple University Press.

Asante, M. K. 2014. Afrocentricity: Toward a New Understanding of African Thought in the World. In M. K. Asante, Y. Miike, & J. Yin (Eds.), *The Global Intercultural Communication Reader* (2nd ed.). New York, NY: Routledge. 101-110.

-
- Barraclough, J. (Director). (1983). Not in a 1000 Years [Motion picture]. http://www.youtube.com/watch?v=cikU1J_oIZ4
- Bhebe, N. (2004). *Simon Vengayi Muzenda and the Struggle for Zimbabwe*. Mambo Press.
- Chikoto, W. (2001). Editorial. *The Herald*. 11 August.
- Chirere, M & Mhandu, E. (2008). Songs that Won the war of Liberation and Poems that Grapple with the War and its Aftermath. *MUZIKI, Journal of Music Research in Africa*, 5(2), 271-283.
- Chiyangwa, L. (2002). Rambai makashinga [Song]. Shed Studio. Harare.
- Coates, S.K, Trudgett, M & Page, S. 2022. Indigenous Institutional Theory: A New Theoretical Framework and Methodological Tool. *The Australian Educational Researcher*, 50, 903-920.
- Dei, G.J.S. (1994). Afrocentricity: A Cornerstone of Pedagogy. *Anthropology & Education Quarterly*, 25(1), 3-28.
- Fanon, F. (1963). *The Wretched of the Earth*. Grove Press.
- Foley, D. (2003). Indigenous epistemology and Indigenous standpoint theory. *Social Alternatives*, 22(1), 44-52.
- Gumbo, M. (1995). *Guerrilla Snuff*. Baobab Books.
- Guvamombe, I. (2009). Fichani Twins Resurface as Spirit Medium's Aides. *The Saturday Herald*, 25 July.
- Gwagwa, A. (2008). Mbuya Nehanda Legacy Lives On. *The Saturday Herald*, 16 August.
- Karenga, M. (1986). *Introduction to Black Studies*. University of Sankore Press.
- Karenga, M. (1988). Black Studies and the Problematic Paradigm. *Journal of Black Studies*, 18(4), 395-414.
- Keto, T. C. (1990). *The Africa Centered Perspective of History*. C.A. Associates.
- Lan, D. (1985). *Guns and Rain: Guerrillas & Spirit Mediums in Zimbabwe*. James Currey.
- Manatsa, Z. (1977/2004). Musango Mune Hangaiwa [Song]. Gallo Records/ZMC/Gramma. Harare.
- Manyika, E. (2005). Mbiri yechigandanga [Song]. *Zimbabwe 2005*. Ngaavongwe Records. Harare.
- Manyika, E. (2008). VaMugabe Chete [Song/Video]. *VaMugabe 2008*. Zimbabwe Music Corporation. Harare.
- Martin, D & Johnson, P. (1981). *The Struggle for Zimbabwe: The Chimurenga War*. Zimbabwe Publishing House.
- Matanda, A. (2000). The spirit of Mbuya Nehanda Lives On. *The Herald*, 10 March.
- Mbare Chimurenga Choir. (2010). Nyatsoteera [Song]. *Nyatsoteera*. Gramma Records. Harare.
- Moore-King, B. (1988). *White man, Black war*. Baobab Books.
- Mugabe, R. G. *Inside the Third Chimurenga*. Harare: Department of Information and Publicity, 2001.
- Musiyiwa, M. (2013). *The Narrativization of Post-2000 Zimbabwe in the Shona Popular Song Genre: An Appraisal Approach*. [Doctoral thesis, University of Stellenbosch]. South Africa.
- Musiyiwa, M. (1998). The Use of Oral Traditions in Solomon Mutsaers and Ngugi wa Thiong'o's Novels: A Comparative Analysis. [Masters' thesis, University of Zimbabwe].
- Musiyiwa, M. (2008). The Mobilization of Popular Music in the Promotion of National Unity in Zimbabwe. *MUZIKI, Journal of Music Research in Africa* 5(1), 11-29.

-
- Mutswairo, S. (1956). *Feso*, Oxford University Press.
- Nakata, M. (1998). Anthropological texts and Indigenous standpoints. *Journal of Aboriginal Studies*, 2, 3-15.
- Nakata, M. (2007). *Disciplining the savages, savaging the disciplines*. Aboriginal Studies Press.
- Ndlovu-Gatsheni, S.J & Willems, W. (2009). Making Sense of Cultural Nationalism and the Politics of Commemoration under the Third Chimurenga in Zimbabwe. *Journal of Southern African Studies*, 35(4), 945-965.
- Pongweni, A.J.C. (1997). The Chimurenga Songs of the Zimbabwean War of Liberation. In K. Barber (Ed.), *Readings in African Popular Culture* (pp. 63-72). Indiana University Press.
- Pongweni, A.J.C. (1982). *Songs that Won the Liberation Struggle*. College Press.
- Ranger, T. (1985). *Peasant Consciousness and Guerrilla War in Zimbabwe: A Comparative Study*. Zimbabwe Publishing House.
- Ranger, T. (1982). The Death of Chaminuka: Spirit Mediums, Nationalism, and the Guerrilla War in Zimbabwe. *African Affairs* 81(324), 349-369.
- Rukuni, C. (2013). The highest office in the land is a straightjacket. *Zimbabwe Insider*. <https://insiderzim.com/the-highest-office-in-the-land-is-a-straightjacket/>
- Thornycroft, P. (2002 January 5). Mayor who said Mugabe is like Jesus Given Land. *Telegraph*,
- Tungamirai, J. (1995). Recruitment to Zanla: Building up a War Machine. In T. Ranger & N. Bhebe (Eds.), *Soldiers in Zimbabwe's Liberation War, Volume One* (pp. 36-47). University of Zimbabwe Publications.
- Turino, T. (2000). *Nationalists, Cosmopolitans, and Popular Music in Zimbabwe*. Chicago Press.
- Zvayi, C. (2004). Mbuya Nehanda's Spirit Lives On. *The Herald*, 9 August.



Mazwi maringe nemunyorori

Mickias Musiyiwa mutsvagurudzi weruzivo rwakadzama muBoka rezveMitauro yemuAfrika paYunivhesiti yeSouth Africa (UNISA). Zvekare ndimuzvinafundo muBoka rezveNhorondo, Nhaka neUrongwa hweRuzivo paUnivhesiti yeZimbabwe. Mutsvagurudzo dzake musanganisi wezveruzivo runobva kuzvidzidzo zvakanwanda kuumba pfungwa imwe chete. Anyora zvinyorwa zvakanwandisa muzvidzidzo zveMitauro, uvaranomwe, pfungwa dzehwaro hwekuongorora uvaranomwe netsika, mimhanzi yemukurumbira, uvaranomwetaurwa, ruzivo hwevobwo, pfungwa yewadzano yevanhu nevakadzi, utano hwekubara kwemadzimai, pamwe nezvidzidzo zveindaneti neupenyu hwevanhu.

About the author

Mickias Musiyiwa is a research fellow in the Department of African Languages at UNISA and associate professor in the Department of History Heritage & Knowledge Systems at the University of Zimbabwe. He is an interdisciplinarian with many publications in the fields of linguistics, literature, literary/cultural theory, popular music, oral literature, indigenous epistemologies, gender, maternal health and digital humanities.

Recebido em: 03/2026

Aceito em: 30/07/2026

Para citar este texto (ABNT): MUSIYIWA, Mickias. Kushandiswa Muuviri Hunopikisana kweNhorondo yeGambakadzi Nehanda muKuvaka Zimbabwe kubva kuma1960 kusvika Nhasi Uno. *Njinga & Sepé: Revista Internacional de Culturas, Línguas Africanas e Brasileiras*. São Francisco do Conde (BA), vol.6, nº Especial III, p.184-209, agosto 2026.

To cite this text (APA): Musiyiwa, Mickias. (august 2026). Kushandiswa Muuviri Hunopikisana kweNhorondo yeGambakadzi Nehanda muKuvaka Zimbabwe kubva kuma1960 kusvika Nhasi Uno. *Njinga & Sepé: Revista Internacional de Culturas, Línguas Africanas e Brasileiras*. São Francisco do Conde (BA), 6 (Special III): 184-209.